ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№134 (24.884) • 2025 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 8, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

# Лъэпкъхэр зэкъуэтмэ - къэралри лъэщщ

**2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэрагъэувыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек диIыгъащ. Апхуэдэ жэрдэм къэралым и УнафэщIым къызэрыхилъхьэр щыжаIащ УФ-м и Президентым и нэIэм щIэту лажьэ, Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ советым и зэIущIэу Москва щекIуэкIам.**



- УРЫСЕЙ Федерацэм и Президентым къыхигъэбелджылыкIащ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр къэралым и щхьэхуитыныгъэм и тегъэщIапIэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Апхуэдэу къыхуриджащ лъэпкъхэр зэкъуэзыудыфыну сыт хуэдэ Iуэхугъуэми тIкIийуэ япэщIэтыну, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. – Шэч хэмылъу, апхуэдэ унафэр мыхьэнэшхуэ зиIэщ икIи зи чэзу дыдэщ. Ар хуэгъэзащ лъэпкъыбэу зэхэт ди къэралым щыпсэухэм яку дэлъ пщIэмрэ зэкъуэшыгъэмрэ нэхъри егъэфIэкIуэным. Къэбэрдей-Балъкъэрым игъащIэми щалъытэ, пщIэшхуэ щыхуащI икIи щагъэлъапIэ зэкъуэтыныгъэм, зэгъунэгъугъэм, гулъытэ зэхуэщIыным епха Iуэхугъуэхэм. Апхуэдэу щыхъукIи, Урысейм щыпсэу дэтхэнэ лъэпкъми сакъыу ехъумэ езым и щэнхабзэр, анэдэлъхубзэр, хабзэхэр, ахэр лъапIэныгъэ ину къилъытэу.

Ди республикэм и Iэтащхьэм апхуэдэу къыхигъэщащ щэкIуэгъуэм и 4-р – ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэр - къэралым и махуэщI нэхъ лъапIэ дыдэхэм хуэдэу Урысейм зэрыщагъэлъэпIар. ЦIыхухэр жыджэрагъышхуэ яхэлъу къыпэджэжащ икIи хэтащ а махуэшхуэм ехьэлIа Iуэхугъуэ псоми. Абы къегъэлъагъуэ цIыхубэ зэкъуэтыныгъэм иIэ мыхьэнэр зэрыиныр псоми къазэрыгурыIуэр, сыту жыпIэмэ аращ зэлъытар ди шынагъуэншагъэр, зыузэщIыныгъэм ухуэзышэ лэжьыгъэ хьэлэлыр, мамырыгъэр, къэралым и зэIузэпэщыгъэр, абы щыпсэу лъэпкъхэм, къихъуэ щIэблэхэм я къэкIуэнур.

Къэбэрдей-Балъкъэрым, шэч хэмылъу, къанэ щымыIэу деIыгъ зи гугъу тщIы жэрдэмыр икIи зэфIэкIыу иIэр хуигъэпсынущ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр Iуэхугъуэ купщIафIэхэмкIэ, мыхьэнэшхуэ зиIэхэмкIэ гъэнщIауэ егъэкIуэкIыным.



# ЩытыкIэр IэмалыщIэхэмкIэ къапщытэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ Регистрацэм, кадастрымрэ картографиемкIэ къэрал къулыкъущIапIэм и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Соблыр Беслъэн.**

Управленэм и унафэщIым республикэм и Iэтащхьэр щыгъуазэ ищIащ «Къэралым иубыд щIыпIэхэмрэ абыхэм я щытыкIэхэмрэ» федеральнэ къэрал программэр гъэзэщIа зэрыхъум. Гулъытэ щхьэхуэ хуащIащ ПсэупIэхэм зыуэ щыт я къэрал реестрым (ЕГРН) иралъхьэ узыщыгъуэзапхъэхэр пэжрэ нэгъэсауэ щытыным зэрелIалIэм, псэупIэхэр къыхэтхыкIыным, ахэр зейр зэхэгъэкIыным, электрон Iэмал зэпыщIэныгъэхэм, псом хуэмыдэу щIыпIэ администрацэхэмрэ самоуправленэхэмрэ зэрадэлажьэм тепсэлъыхьащ.

Къэрал управленэм игъэзащIэ къалэнхэм япкъ иткIэ, цIыху зэрымыс езырылъатэхэмкIэ щIыхэм я щытыкIэр къэпщытэным фейдэуэ къыздихьми и гугъу ящIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

ЗыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм икIи илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ цIэ лъапIэхэр яфIэщын:

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»**

**Казиев Рэмэзан Наурыз и къуэм** - Шэрэдж муниципальнэ щIыналъэм хыхьэ Къэщкъэтау жылэм и «ЩIыналъэм щэнхабзэмкIэ и унэ» муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм зауэ, гуащIэдэкI щIыхьымкIэ и музейм и унафэщIым,

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист»**

**Гъубжокъуэ Хьэутий Борис и къуэм** – Шэрэдж щIыналъэ хеящIэ IуэхущIапIэм и хеящIэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм щэкIуэгъуэм и 5-м*
*№118-УГ*

Гъэгушхуэным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм икIи Шэрэдж щIыналъэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIам папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къыбгъэдэкIыу фIыщIэ хуэщIын **Чаттаев Марат Муса и къуэм** – «Шэрэдж гъуэгу зыухуэ-зэзыгъэпэщыж управленэ» жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгухьэныгъэм и унафэщIым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм щэкIуэгъуэм и 5-м*
*№207-РГ*

# ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

КIуэ пэтми IэмалыщIэхэр ди гъащIэм нэхъ кууэ къыхохьэ, ар псынщIэ икIи тынш къытщащIу. Мы куар-кодыр къэбгъэсэбэпу «Адыгэ псалъэм» Iэ щытебдзэ хъунущ дэнэ щIыпIэ ущыIэми: Сбер-онлайным уохьэри абы тыбогъапсэ. АдэкIэ ди газетыр къигъэлъэгъуэнурэ кIэщI дыдэу ущигъэгъуэзэнущ икIи къебгъэхьын папщIэ (уи унэм е ппэгъунэгъу пощтым) и лъабжьэм деж уи цIэ унэцIэмрэ хэщIапIэмрэ иботхэри, уасэр абдежым щыбот. Дыфщогугъ адыгэбзэкIэ къыдэкI газет закъуэм адэкIи и ныбжьэгъу пэжу фыкъэнэну!




# Щэнхабзэр щIэпхъаджагъэм зэрыпэщIэт Iэмалщ

**ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щэкIуэгъуэм и 6-м щекIуэкIащ «Щэнхабзэр террорым пэщIэтщ» зэIущIэр. Ар къызэригъэпэщащ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм.**

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым зэхыхьэр къыщызэIуихым къыхигъэщащ лъэпкъхэм я зэхущытыкIэр гъэбыдэнымкIэ щэнхабзэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Абы жиIащ терроризмым пэщIэтыным и IуэхукIэ щэнхабзэм и къарур зэрыиныр ауэ сытми зэрыжамыIэр: дэтхэнэ зы унагъуэми ис нэхъыжьи нэхъыщIи хабзэ щхьэхуэ зэрытетым, унагъуэм илъ гъэсэныгъэмрэ хабзэмрэ гъунэгъур къызэрыхамыгъэIэбэм хуэдэу, ди щIыналъэм исхэм я щхьэ и унафэ ящIыжын зэрыхуейр нобэ зыгурагъэIуэну зэричэзур.

- Чэнджэщ Iущхэр дэркIэ лъапIэу, хуей щыхъукIэ, къыддэIэпыкъуну хьэзырхэм фIыщIэ яхуэтщIми, ди унагъуэм нэгъуэщIым унафэ щедгъэщIынукъым. Къэралми а хабзэращ щызекIуэр: дызытетыну унафэмрэ лъапIэныгъэхэмрэ дэр-дэру дыубзыхужын хуейщ. Нобэ ди къэралым и кIуэцIым щехъумэж и щхьэхуитыныгъэр. Ди щIыналъэм и закъуэкъым тхъумэр, ди хабзэхэмрэ лъапIэныгъэу къэтлъытэхэмрэ зэрытхъумэнум дыхущIокъу. Ди къарумрэ шынагъуэншагъэмрэ я къигъэхъуапIэр ди зэкъуэтыныгъэрщ. 2026 гъэр ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и илъэсу ягъэуващ, - жиIащ Къуэшырокъуэм. - Ди бийхэм къагуроIуэ: Урысейр зэкъуачын папщIэ лъэпкъхэр дызэщагъэIеин е дин IуэхукIэ хьэргъэшыргъэ дыхадзэн хуейщ. Хъыбар нэпцIхэм защытхъумэным и мызакъуэу, ар щIалэгъуалэм ягурыдгъэIуэныр ди къалэнщ. Дызэкъуэзыгъэувэр зыщ: Урысейм и цIыхуу дызэрыщытырщ. Лъэпкъ Iуэхухэр, пщIэ-нэмысыр, мамырыгъэмрэ зэгурыIуэмрэ папщIэ дэчыхыр жылагъуэм щытепщэу щытыпхъэщ.

КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Амурбий щэнхабзэм дызэрызэкъуигъэувэм теухуауэ Къуэшырокъуэм зи гугъу ищIам щыпищэм, къыхигъэщащ зэIущIэм «Щэнхабзэр террорым пэщIэтщ» и фIэщыгъэ къудей мыхъуу, ар я лэжьыгъэу зэрыщытыр. Совет зэманым лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ гулъытэ хэха хуащIу, бзэм, хабзэм, щэнхабзэм, щхьэхуэныгъэхэм пщIэ нэхъыбэ иIэу, ахэр зэрахъума хъунум трагъащIэу зэрыщытар ягу къигъэкIыжащ Текуевым.

- Урысейм лъэпкъ куэд зэрыщыпсэур къэралым и къару нэхъыщхьэ зэрыхъуар нэрылъагъу ищIащ Хэку зауэшхуэм. Белорусхэр, украинхэр, тэтэрхэр, къэзахъхэр, Кавказым ис лъэпкъхэр, нэгъуэщIхэри зэкъуэуващ Хэкум къыщхьэщыжыну икIи фашизмым текIуащ. Ноби ди нэгу щIокI гъунапкъэ зимыIэ, мамыр цIыхухэри зыфIэмыпсэкIуэд а мыхъумыщIагъэм къызэригъэзэжар. Иджырей терроризмыр, Украинэм щекIуэкIхэри хыхьэу, къызэрыгуэкI цIыхухэр гъэшынэным хуэгъэзащ. Абы къыхэкIыуи ар дызыпэщIэтын хуей террорщ. Урысейм и Конституцэм лъэпкъ куэд дызэрыхъур итщ икIи аращ ди къару нэхъыщхьэр. Ныбжьэгъугъэмрэ зэгурыIуэмрэ тхъумэху, абы дытетыху дахуигъэкIуэтынукъым. Дунейм и лъапIэныгъэхэр, пщIэр, гулъытэр - щIэблэм я деж зэрынэтхьэсыф Iэмалщ щэнхабзэр. Экстремистхэм я гупсысэ мышухэр къызэпызыудщ ар, - къыхигъэщащ абы.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин жиIащ щIэблэр егугъуу ягъэсэн, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ драгъэхьэхын, Хэкур фIыуэ ялъагъуу къагъэхъун зэрыхуейр.

Къэпсэлъахэм къыхагъэщащ щIалэгъуалэр экстремист гупсысэхэм пэIэщIэ щIынымкIэ зэманми имыпхъэх, тхыдэр къызыхэщыж, гъунапкъэ зимыIэ гъуазджэм, щэнхабзэм, литературэм щыгъэгъуэзэным мыхьэнэ зэраIэр, сыт хуэдэ зэманми лъапIэу къэнэж гуапагъэр, захуагъэр щIэблэм зыхегъэщIэнымкIэ ахэр IэмалыфIу икIи мыхъумыщIагъэмрэ лъагъумыхъуныгъэмрэ зэрыпэщIэт Iэщэу къызэрынэжыр. ЩIалэгъуалэр къыхураджащ республикэм и театрхэм щекIуэкI спектаклхэм, сурэт гъэлъэгъуэныгъэхэм, концертхэм еплъыну, цIыхубэ уэрэдыжьхэм едэIуэну, тхылъ еджэну, литературэ зэпеуэхэм я зэфIэкI щеплъыжыну, республикэм къыщызэрагъэпэщ зэхыхьэхэм хэтыну, сыту жыпIэмэ гъуазджэм, дахагъэм дихьэххэр щIэпхъаджащIэхэм къахуэгъэпцIэнукъым.

Дин лэжьакIуэхэм трагъэщIащ щIэблэр диным щIапIыкIын, зым и фIагъым адрейм щапхъэ трахыу, гуапагъэ ялэжьу, хьэрэмыгъэншэу, зыгуэр ящIэн ипэкIэ гупсысэу ягъэсэн зэрыхуейм. АдэкIэ къыхагъэщащ диным и лъапIэныгъэхэмрэ экстремистхэм я гупсысэхэмрэ зэрызэпэжыжьэм, фIэщхъуныгъэмрэ тхыгъэ лъапIэхэм къыщыхьахэмрэ зэрыхуейуэ зэрадзэкIыурэ щIэпхъаджагъэ зэралэжьыр, дин зыIыгъхэм язынықъуэхэм я зыхуэпэкIэр, хьэл-щэныр, IуэхущIафэхэр ди лъэпкъхэм зэрахуэмыфащэр ди нэгу зэрыщIэкIыр.

Зэхыхьэм хэтахэм къыхагъэщащ къэралми, жылагъуэми, щэнхабзэ, дин лэжьакIуэхэми я къарур зэкъуагъэувэу экстремизмым пэщIэтын, террорист гупхэм ялэжь мыхъумыщIагъэхэр къызэпаудын, апхуэдэ къэмыхъун папщIэ щIалэгъуалэм ядэлэжьэн зэрыхуейр. Зэхуэсым къигъэлъэгъуащ лъэпкъым и шынагъуэншагъэм щэнхабзэр къыгуэхыпIэ зимыIэ и Iыхьэу зэрыщытыр, лъапIэныгъэу къэтлъытэ щIэинхэр яхъумэу, ягъэбагъуэурэ жылагъуэм гъащIэ мамыр зэриухуэр, экстремист гупсысэхэм зэрызыщихъумэр.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хэт, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Жылэ Анатолэ, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Бейтуганов Исмэхьил, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ КIэхумахуэ ФатIимэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис муслъымэнхэм я муфтийм и къуэдзэ Сыжажэ Алим, нэгъуэщIхэри.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



# КъБР-м и щIыналъэхэм я зэфIэкIхэр

**ИпэIуэкIэ хъыбар зэрыщыIамкIэ, 2025 гъэм и мазибгъум къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ псоми зэхэту джэдыкIэу къыщрахащ мелуан 29-м нэблагъэ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ проценти 5,3-кIэ нэхъыбэ.**

АТIЭ, республикэм и щIыналъэхэр а ехъулIэныгъэм зэрыхэлIыфIыхьар зэпэщхьэхуэу къэдгъэлъагъуэмэ, нэхъ егугъуар Бахъсэн щIыналъэрщ. Къапщытэж пIалъэм къриубыдэу абы и мэкъумэш IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ зэхэту кърахащ джэдыкIэу мелуан 17,1-рэ. ЕтIуанэу къакIуэр Прохладнэ щIыналъэрщ - джэдыкIэ мелуани 9,6-рэ, ещанэр Май районырщ - джэдыкIэ мелуани 2,1-рэ.

Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм мыгъэрейхэр ебгъапщэмэ, Май щIыналъэм джэдыкIэу къыщрахам и куэдагъым проценти 8,2-кIэ, Бахъсэн районым проценти 7,6-кIэ, Прохладнэ щIыналъэм процент 0,8-кIэ щыхагъэхъуащ.

Апхуэдэуи дызэрыт илъэсым и щIышылэм - фокIадэм къриубыдэу республикэм и мэкъумэш IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ зэхэту лырэ джэдкъазылу къалэжьам и куэдагъым (псэууэ шэчауэ) процент 20-кIэ хагъэхъуащ нэгъабэ елъытауэ икIи ар тонн мин 37,6-рэ хъуащ.

КъБР-м и щIыналъэхэм я хэлъхьэныгъэхэр зыхуэдэр мыбдеж къыщыдгъэлъагъуэмэ, лырэ джэдкъазылу къалэжьам и куэдагъымкIэ Прохладнэ щIыналъэр япэ итщ, тонн мин 18,8-рэ иIэу. ЕтIуанэр Аруан районырщ - тонн мини 6,7-рэ, ещанэр Шэджэм щIыналъэрщ - тонн мини 4,4-рэ.

Къапщытэж пIалъэм къриубыдэу республикэм и мэкъумэш IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ зэхэту лыуэ къалэжьащ (псэууэ шэчауэ) тонн мини 5-м нэблагъэ, мэлылрэ бжэнылу тонн мин 1,6-рэ, джэдкъазылу тонн мин 31-м нэблагъэ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм елъытауэ абыхэмкIэ псомкIи хэхъуэ щыIэщ.

Мэкъумэш къэкIыгъэхэмкIэ Iуэхур зыIутыр къэдгъэлъагъуэмэ, псалъэм папщIэ, сэхуранымкIэ, 2025 гъэм и щIышылэм - шыщхьэуIум къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш IуэхущIапIэхэм псоми зэхэту тонн мини 8-м щIигъу кърахьэлIащ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм проценти 162-кIэ хуэкIуэу.

Сэхуран жылапхъэмкIэ нэхъыбэ зыхузэфIэкIар Прохладнэ щIыналъэм и мэкъумэшыщIэхэрщ 1 тонн мини 3-м щIигъу яIэу, етIуанэр Май районырщ 1 тонн мин 1,8-рэ, ещанэр Дзэлыкъуэ щIыналъэрщ 1 тонн мин 1,5-рэ.

Къапщытэж пIалъэм къриубыдэу республикэм сэхурану къыщагъэкIам и процент 80-м нэблагъэр а районищым къалъос.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# ЦIыхум и шынагъуэншагъэр

**Къэбэрдей-Балъкъэрым гулъытэшхуэ зыхуащI гъуэгум къыщыхъу насыпыншагъэхэр гъэмэщIэнымрэ абы щызекIуэхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымрэ.**

ЖЫПIЭНУРАМЭ, «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ щIыналъэ автомобиль гъуэгухэм ящыщу километр 25-м иджырей уэздыгъэхэр щыпадзащ, абы нэмыщI, щIыналъэ бюджетым къыхэкIа ахъшэмкIэ къызэщIагъэнэхуащ республикэм и къуажэ кIуэцIхэр, псори зэхэту километр 60 я кIыхьагъыу. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм я фIыгъэкIэ къызэгъэпэща мэхъу жэщым гъуэгум щызекIуэ транспортхэмрэ цIыхухэмрэ я шынагъуэншагъэр.

Апхуэдэуи гъуэгубгъухэм щагъэуващ къэухьхэмрэ быдапIэхэмрэ, псори зэхэту километри 4 я кIыхьагъыу. Абы нэмыщI, къыхагъэщхьэхукIащ гъуэгу зэхыхьэпIэхэмрэ зэхэкIыпIэхэмрэ, щагъэуващ гъуэгухэр IыхьитIу зыгуэш къэухьхэр, машинэ зэжьэхэуэр ягъэмэщIэн мурадкIэ.

ЦIыхухэр лъэсу гъуэгухэм щызэпрыкI щIыпIэхэм деж иджырей светофорхэм хуэдэхэр иджыпсту щагъэув икIи абыхэм ящыщу 95-м нобэкIэ лэжьэн щIадзакIэщ. Лъэс лъагъуэу яукъуэдиящ километр 25-рэ. АвтобусхэмкIэ зекIуэхэм папщIэ иджырей къэувыIэпIэ-павильонхэм хуэдэу 80 ягъэуващ.

ЦIыхухэм я шынагъуэншагъэр гъуэгухэм къыщызэгъэпэщыным ехьэлIауэ республикэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм я фIыгъэкIэ 2025 гъэм и щIышылэм - фокIадэм къриубыдэу гъуэгухэм къыщыхъу насыпыншагъэхэм я бжыгъэм проценти 10-кIэ, машинэ зэжьэхэуэхэм хэкIуэдахэм я бжыгъэм процент 22,3-кIэ, фэбжь зэхуэмыдэхэр хэзыхахэм я бжыгъэм проценти 6,4-кIэ кIэрыхуащ.

**АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.**



# Зым и уасэм кIэроху, адрейм ейм хохъуэ

**Урысей Банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ, мы гъэм и фокIадэм республикэм уасэхэм зы процент щыхэхъуащ. Ар къызыхэкIам и щхьэусыгъуэр ерыскъымрэ хьэпшыпхэмрэ къыщIэзыгъэкIхэмрэ къезышалIэхэмрэ гъуэгупщIэм, хъумапщIэм, электрокъарум, н.къ. трагъэкIуадэ ахъшэр уасэм зэрыхагъэхьэжымрэ язынылкъуэ Iуэхутхьэбзэхэм я щIэупщIэм зэрыкIэрыхуамрэщ.**

ПСОМ нэхърэ нэхъыбэу дэкIуеяр джэдыкIэм и уасэрщ. Ипэ ита мазийм абы кIэрыхуурэ екIуэкIащ, джэдыкIэу кърахым и куэдагъым хэхъуэ зэпыту зэрыщытам и фIыгъэкIэ. Апхуэдэу щыхъуклI, IуэхущIапIэхэм, хэщIым зыщахуумэу, Iусыпхъэр, хьэпшыпхэмрэ ерыскъымрэ зыкIуэцIалъхьэхэм трагъэкIуадэр нэхъыбэ зэрыхъуам къыхэкIыу, уасэхэми хагъэхъуащ.

Къапщытэж пIалъэм къриубыдэу фошыгъум и уасэм щыкIэрыхуащ республикэм. Уеблэмэ тыкуэным щIэлъахэр псынщIэ-псынщIэу ирагъэкIащ, мы гъэм кърахьэлIэжыну жэгундэм къыхэщIыкIынум пэплъэу. КъэлъытапхъэщI фошыгъур къыщыщIагъэкI заводхэр ди щIыналъэм зэрыпэмыжыжьэри.

Гъэсыныпхъэу къыщIагъэкIым и куэдагъми кIэрыхуащ, абыхэм елэжь, зэзыгъэкIуэкI язынылкъуэ заводхэр къагъэщIэрэщIэжын мурадкIэ къызэрагъэувыIам къыхэкIыу.

Шыщхьэу!ум – фокIадэм къриубыдэу сомыр нэхъ пуд зэрыхъуам къыхэкIыу хамэ къэралхэм зыгъэпсэхуакIуэ кIуэнухэм я путевкэхэм я уасэм хэхъуащ. А пIалъэм хуэзэу, ди тенджыз ФIыцIэм и Iуфэхэм зыщыбгъэпсэхуну нэхъ пуд хъуурэ екIуэкIащ. Зэрыхабзэуи, абы щIэупщIэм и бжыгъэм кIэрыхуащ бжыхьэм.

ЦIыхухэр къезышэкI транспортым и Iуэхутхьэбзэм и уасэр нэхъ пуд хъуащ. Ари къызыхэкIыр бжыхьэ зэманым кхъухьлъатэхэмкIэ зекIуэхэм я бжыгъэм зэрыхэщI хабзэрщ. Абы нэмыщI, ФАС-м и унафэкIэ, маршрут таксихэм я Iуэхутхьэбзэми кIэрагъэхужащ, щхьэзыфIэфIагъкIэ езыхэм драгъэкIуея нэужь.

Къэбэрдей-Балъкъэрым инфляцэр, илъэс пIалъэкIэ къэбгъэлъагъуэмэ, проценти 7,9-м деж къыщыувыIащ, икIи ар щынэхъ мащIэщ ику иту къэралми КИФЩI-ми къыщекIуэкIхэм нэхърэ. Урысей Банкми процент ставкэхэр лъагэу иIыгъщ, кредит къэзыщтэхэм я бжыгъэр зэтриIыгъэн, щIэупщIэр нэхъ мащIэ ищIын щхьэкIэ. Ахэр къэплъытэмэ, 2026 гъэм инфляцэр процентi 4,6-м нэсыху ехын хуейщ, иужькIи, проценти 4-м деж къыщызэтеувыIэу.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.




# «Япэ дэIэпыкъуныгъэ» пэхуэщIэр даIыгъ

**Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм, СОБР-м и Кавказ Ищхъэрэ къудамэм я лэжьакIуэхэр, Урысей гвардием и щIыналъэ IэнатIэм и ветеран организацэм и унафэщI, полицэм и полковникыу къулыкъум къыхэкIыжа Хужьокъуэ Руслан сымэ хэтащ «Пэрытхэм я зэщIэхьееныгъэм» и щIыналъэ къудамэмрэ «Урысей Жор Плыжь» жылагъуэ IуэхущIапIэмрэ къызэрагъэпэща «Япэ дэIэпыкъуныгъэ» урысейпсо проектым. ХьэщIэхэм ящыщт «Волонтеры-медики» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм я лIыкIуэхэр, апхуэдэуи Ново-Ивановскэ жылэм дэт, Козуб Шурэ и цIэр зезыхьэ лицей №7-м и кадет классым, республикэм и нэгъуэщI еджапIэхэм щIэсхэр.**

УРЫСЕЙ гвардием хэтхэм проектым кърашэлIахэм папщIэ къызэрагъэпэщащ IэщIэхэмрэ зезыгъэкIуэр зэрымыс жьыхулъатэхэмрэ я гъэлъэгъуэныгъэ. Медицинэ IэнатIэм и унафэщI, полицэм и майор А. Алий иригъэкIуэкIащ япэ дэIэпыкъуныгъэ зэрырат щIыкIэм теухуа дерсхэр, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм деж зэфIэхыпхъэхэмрэ иджырей IэмалхэмрэI хыхьэу.

Iуэхум и купщIэ хъуащ цIыхухэр къегъэлыным нэхъ хуэIэзэ командэхэр къэхутэным пыщIа, япэ дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ чемпионатыр.

- Мы зэпеуэхэм фэ къыщывгъэлъагъуэ фи зэфIэкIыр уасэ зимыIэщ. Ахэр адэкIи щIэгъэкъуэн къыфхуэхъунущ цIыхухэр къегъэлынымкIэ. Си гуапэщ зэпеуэм хэтхэм а къалэным фызэрыпэлъэщыр къыщывгъэлъагъуэу текIуэныгъэр зыIэрывгъэхьэну! - жиIащ Хужьокъуэ Руслан.

ЩIыналъэ зэпеуэм щытекIуахэм я зэфIэкI щагъэлъэгъуэнущ Япэ дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ урысейпсо чемпионатым.

БАХЪСЭН Азэмэт.

## Хъыбар кIэщIхэр

### Бюджетым мылъку халъхьэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ (МСП) хэт IуэхущIапIэмрэ я бжыгъэр мин 23,2-рэ мэхъу нобэкIэ икIи нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процентi 6,9-кIэ нэхъыбэщ ар.**

Хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ, уней IуэхущIапIэхэмрэ я щхьэ хуэлэжьэжыну налог хэзых IэнатIэхэм зыщезыгъэтхахэмрэ яхэту, щылажьэхэм я бжыгъэр мини 108-м щIегъу икIи 2025 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу абыхэм бюджетым ягъэкIуа мылъкур сом мелуан 1505,9-рэ хъуащ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм нэхърэ процент 13,9-кIэ нэхъыбэщ ар.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, МСП-м и IуэхущIапIэхэр зыхэт «Зэхьэзэхуэр зи лъабжьэ экономикэ лъэщ» лъэпкъ пэхуэщIэр зыхуэунэтIар хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ зегъэужьынымрэ сыт и лъэныкъуэкIи абыхэм защIэгъэкъуэнымрэщ.



### Пасэу ирагъажьэ

**Урысей Федерацэм и бгы-лыжэ курортхэм ящыщу «Iуащхьэмахуэ» псом япэу лэжьэн щIидзащ мы гъэм.**

«Тхыдэм щыяпэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и курортым и щIымахуэ лэжьыгъэр иригъэжьащ щэкIуэгъуэм и 1-м. Къэралым лыжэкIэ къыщажыхь и щIыпIэхэм я нэхъ лъагэ дыдэм щыщ «Гарабаши – Мир» гъуэгур къызэIуахащ. Адрей илъэсхэм, псалъэм папщIэ, 2021 гъэм щэкIуэгъуэм и 7-м, 2023 гъэм щэкIуэгъуэм и 8-м лэжьэн иригъэжьауэ аращ курортым и лэжьыгъэр», - щыжаIащ Кавказ.РФ-м.

Мы гъэм лыжэрэ сноубордкIэ къыщыбжыхь хъуну гъуэгу псори зэхэту километр 19 Iуащхьэмахуэ щыIэщ. Япэрейхэм къадэкIуэу, гъуэгущIитI абы къыщызэIуахынущ, метр мини 3,3-рэ, мини 3,5-рэ зи лъагагъ бгы джабэнэкIухэм ирикIуэу. КIапсэ гъуэгуитI, тIури зэхэту километри 5,2-рэ я кIыхьагъыу, лэжьэнущ. А псом къадэкIуэу, жэщхэми бгыхэм къыщыбжыхь хъуну хуащIащ.

«Мы гъэм лыжэ къэжыхьыгъуэр апхуэдэу пасэу къыщIызэIутхар зи фIыгъэр метр мини 3 нэхърэ нэхъ лъагэ къуршхэм уэсыр куэду зэрытелъымрэ «Iуащхьэмахуэ» курортым и лэжьакIуэхэмрэщ: техникэхэри, кIапсэ гъуэгухэри, IэщIагъэлIхэри, н.къ. псори хуэхьэзырщ я лэжьыгъэм. Уэсыр куэдщ, курортри поплъэ цIыху нэхъыбэж зэрыригъэблэгъэнум», - жиIащ Кавказ.РФ-м и унафэщI Юмшанов Андрей.



### ЩIымахуэ зэманым тохьэ

**Налшык и кхъухьлъатэ телъэтыкIыпIэм и лэжьыгъэр жэпуэгъуэм и 25-м бжьыхьэ-щIымахуэ лэжьэгъуэ зэманым техьащ икIи 2026 гъэм гъатхэпэм и 28 пщIондэ абы тетынущ.**

ЩIымахуэм ди аэропортым махуэ къэс телъэтыкIынущ Мэзкуу къалэм и «Шереметьево» кIуэ, «Победа» авиакомпанием и кхъухьлъатэхэр. Абы нэмыщI, мэремымрэ тхьэмахуэ махуэмри ахэр Мэзкуу лъэтэнущ.

«ЮВТ Аэро» авиакомпанием и кхъухьлъатэхэм Налшыкрэ Къэзанрэ тхьэмахуэм тIэу зэпащIэнущ – махуэкумрэ тхьэмахуэ махуэхэмрэ.

Апхуэдэуи иджыпсту лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI Кувейтым и «Jazeera Airways» авиакомпанием и кхъухьлъатэхэр Налшык къалэ къыщытIысыным ехьэлIауэ. IэщIагъэлIхэм къапщытэ ди аэропортыр щыIэ дунейпсо мардэхэм зэрыхуэкIуэр.



ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

## Мы махуэхэм

**ЩэкIуэгъуэм и 8, *щэбэт***

♦**1914 гъэм къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и артист Жыгун Тимэ.**

♦**1924 гъэм** къалъхуащ педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, АР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Шорэ Ибрэхьим.

♦**1932 гъэм** къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и нартыхугъэкI, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Щауэ Iэхьед.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 17, жэщым градуси 8 щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 9, *тхьэмахуэ***

♦**Фашизмэм, расизмэм, лъэпкъ зэхэгъэж щIыным япэщIэтыным и дунейпсо махуэщ**

♦**Радиацэм пэщIэтыным хуэунэтIа акцэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**1940 гъэм** къалъхуащ адыгей усакIуэ **Хьэлэш Сэфарбий.**

♦**1941 гъэм** къалъхуащ УФ-м и цIыхубэ сурэтыщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, Красноярск дэт художественнэ институтым и профессор, РАХ-мрэ ЩIДАА-мрэ я академик **Пащты Герман.**

♦**1966 гъэм** къалъхуащ Тыркум щыпсэу адыгэ тхакIуэ **Решат (Къущхьэ) Севим.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 – 19, жэщым градуси 8 щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 10, *блыщхьэ***

♦**Мамырыгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ яхуэлажьэ щIэныгъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Бухгалтерым и дунейпсо махуэщ**

♦**ЩIалэгъуалэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и органхэм я лэжьакIуэм и махуэщ**

♦**1741 гъэм** Черкасский Алексей (адыгэпщ) Урысейм и канцлеру ягъэуващ.

♦**1926 гъэм** къалъхуащ шыхъуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Къалмыкъ Хьэжмурат.**

♦**1933 гъэм** къалъхуащ журналист, тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ щыта **Шыбзыхъуэ Мухьэдин.**

♦**1947 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и ректору щыта, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къарэмырзэ Барэсбий.**

♦**1964 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Шал Тимур.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 – 19, жэщым градуси 8 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Зи жьэ куэд жиIэм и Iэ куэд ищIэркъым.**

# ХъупIэхэр электрокъарукIэ къызэрагъэпэщ

● Къущхьэхъу

**ЗэрытщIэщи, тхьэшхуэгухьэж тхьэлъэIум ирихьэлIэу, махуэм и кIыхьагъымрэ жэщыр зыубыд зэманымрэ зэхуэдэ щыхъу бжьыхьэпэ мазэщ фокIадэр. Ауэ щыхъукIи, къуршылъэ щIыпIэхэм зыщызыубгъуа хъупIэхэр къэзыгъэсэбэпхэм я дежкIэ, ар кIуэ пэтми нэхъри нэхъ щIыIэ щыхъу зэманщи, гъэмахуэм и кIыхьагъкIэ бгылъэ удзылъэхэм щаIыгъа Iэщым, мэлым, шыхэм я къехуэхыжыгъуэщ.**

АРЩХЬЭКIЭ, Къущхьэхъум щыIэ Iэбгъэхэр, ухуэныгъэхэр, а псори зэщIэзыгъэуIуэж, зэзышэлIэж тэхъуанэ нэхъыщхьэхэм я деж къыщыщIэдзауэ, гъэм и щIыIэгъуэми цIыху гуэрхэм зэрызэрахьэр гурыIуэгъуэщ,

Ди гуапэ зэрыхъунщи, а ухуэныгъэхэм яхэтщ эектричествэр илъэс бжыгъэ хъуауэ зрашэлIахэри. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, а унэхэми, абыхэм екIуалIэ ток кIапсэхэми, ахэр зыпыщIа пкъохэми я щыIэкIэ-щытыкIэм гъэм и щIыIэгъуэми кIэлъыплъыныр Iэпэдэгъэлэл пщIынкIи Iэмал зимыIэщ.

Бгылъэ щIыпIэхэм щылажьэ Iэщыхъуэхэм, абыхэм защIэзыгъакъуэ IэщIагъэлIхэм даIущIэн мурадыр диIэу, дэ, и зи чэзу дэкIыгъуэм зытедгъахуэри, гъусэ зыхуэтщIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIы Iуэхухэмрэ мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министрым и чэнджэщэгъу Иуан Аскэрбий. А щIыкIэм тету, ди республикэм и Къущхьэхъу хъупIэхэм ящыщ ХьэмащэкIэ дэдгъэзейри, а щIыпIэм къедза Iэбгъэ зыбжанэми дыщыIащ, щылажьэ Iэщыхъуэхэм, Iэщ дохутырхэм, цIыхухэм я узыншагъэм кIэлъыплъхэм, электричествэр зыхуей хуэзыгъазэхэми даIущIащ.

- Ток зрикIуэ кIапсэ псори зыхуей хуэдгъэзащ, къэзыгъэсэбэпынухэм ялъэдгъэIэса, - щыжеIэ и псэублэ псалъэм Иуан Аскэрбий. - Дызэрыт щIыпIэр къэтщтэнщи, Гундэлэн дэт элетроподстанцым деж къыщыщIэдзауэ, ЕкIэпцIэкъуи къыкIуэцIрыкIыу, Хьэмащи къэсу, Къуратыи зэщIигъэхьэжу къедбжэкIа гъуэгуанэмирикIуэ ток кIапсэхэм,




псори зэхэту, километр 40-м щIигъу я кIыхьагъщ. Электрик тIурытI, зызэрахъуэкIыурэ, жэщ-махуэ ямыIэу, абыхэм якIэлъоплъ. Гъуэгум гуилъэсыкIа иIэмэ, абы пыщIа гуп къыдокIри, машинэ зекIуапIэхэр зэрагъэзэхуэж. Езырезыру къакIуэ псыр километри 7-м нэблагъэ зи кIыхьагъ гъуэгуанэм зэрырижэну бжьамийхэр дэлъхьэным, укъуэдииным мы гъэми пащащ ар зи пщэ дэлъхэм.

Хьэмащэ щIыпIэм зыщызыуфэбгъуа хэщIапIэ нэхъыщхьэмрэ (штаб) абы къедза Iэбгъэ зыбжанэмрэ екIуалIэ токыр зыхуэдэр, гъэмахуэ мазищым и мызакъуэу, бжьыхьэр щIыIэбжь щыхъум деж къыщыщIэдзауэ щIымахуэм и кIыхьагъкIи, къыкIэлъыкIуэну гъатхэпэ, мэлыжьыжь мазэу уэтIпсытIыр щыпэрыхьэтхэм дежи, электрокIапсэхэм, ахэр зыпыщIа пкъохэм, токыр зэкIуалIэ трансформаторхэм я лэжьэкIэр зыхуэдэм гъэм и кIыхьагъкIэ кIэлъыплъхэри зэрыщыIэр фIыщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, мы тхыгъэм адэкIэ зи гугъу щытщIыну щIалэри.

Ар Тхьэгужьокъуэхэ Аскэрщ, «Россети» IуэхущIапIэм щолажьэ. Къущхьэхъум къыдэкI уэздыгъэм кIэлъыплъыныр и пщэрылъщ. Ар жэщи-махуи, зэрызэпыу щымыIэу, къатын хуейщ абыкIэ къащыгугъыу мы щIыпIэм исхэм. Фермэхэм, жэмхэм шэ къащIэзышхэм, щIэжьей цIыкIу къызыщIэхъуахэм якIэлъыплъхэм я Iуэхур нэхъ тыншу дэкIын папщIэ, уэздыгъэ яIэмэ нэхъыфIщи, ар тэмэму зэрыIэрагъэхьэным яужь итщ. А къалэныр зэрызрагъэхъулIэным хуэгъэзауэ, зым адрейр щызэрихъуэкIыу, Хьэмащэ штабым къегъэщIылIа щIыпIэм деж щаIэ тэхъуанэм чэзу-чэзукIэрэ щIалэхэр тесщ.

- ТIурытI дохъури, ди лэжьэгъуэм деж, блыщхьэм къыщыщIэдзауэ мэрем пщIондэ демыхыжу дытесщ. Щэбэттхьэмахуэм унэм дыдэс щхьэкIэ, едгъэтIылъэкI мыхъун Iуэху къыкъуэкIмэ, штабыр зыпащIа ИнтернеткIэ хъыбар дагъащIэри, жэщ-махуэ жыдмыIэу, дыкъыдокI, - къыджеIэ Аскэр. - Мэл гуарти, шыи, Iэщи къуэмыхужьэ ипэ, тхьэмахуитI хуэдиз иIэжу дыкъыдокIри, кIапсэхэм я кIыхьагъкIэ дроплъэ, я щытыкIэм щыгъуазэ захудощI, дерт-сэкъат зыгъуэта къэтхутэмэ зыдогъэпэщыжри, абы иужькIэ дэри, Iэщыхъуэхэм я гъусэу, дытесыну дыкъыдокI.

Нэхъыбэу гугъу дезыгъэхьыр, ар икIи гурыIуэгъуэщ, езы токыр зрикIуэ кIапсэхэр, къыздыхашам къыщыщIэдзауэ, километр бжыгъэфIкIэ зэрыукъуэдиярщ. Ауэ щыхъукIи, къызыщыфгъэхъут, кIапсэр щызэпычар е къыщыпыхуар къэпхутэн папщIэ, пкъо къэс я пыдзапIэхэр зэпэплъыхьын хуейщ. Жьы къепща иужь, кIапсэр зыкIэрыгъэбыдыхьауэ щыта пкъыгъуэр (изолятор) къыфIоху е езы кIапсэхэр зэлъоIэсри зэпесыкI. Токыр зыIэрыдгъэхьэ Iэбгъэ къэс я IухьэпIэхэм деж трансформатор Iутщи, абы зэрегъэзахуэ, Iэщыхъуэхэр зыхуэныкъуэ вольт 220-м щыхуигъэкIуэжу.

Вольт лъагэ зрикIуэ кIапсэхэр зрашэлIа трансформаторхэр псори зэхэту блы мэхъу. Абыхэм яхэтщ «Россети» IуэхущIапIэм яхуигъэувахэри езы IэнатIэхэм ейхэри. Куэд щIауэ зиIэхэм дэнэ къыздрахар жыпIэмэ, аддэ нэхъ пасэу, совет лъэхъэнэм щыгъуэ, зыхуагъэувауэ щытахэрщ. ЗимыIахэм ди IуэхущIапIэм къахузэригъэпэщащ. ТIум щыгъуэми къагъэсэбэп токым и уасэр зыщ, къазэреIытхыр дэтхэнэми яхуэдгъэува къэзыбж IэмэпсымэхэмкIэщ.

ЖыпIэнур арамэ, Къущхьэхъум мы иужьрей ди дэкIыгъуэм дызыIущIахэм дазэрыдэуэршэрамкIэ, езыхэми хьэщIагъэ нэс къызэрыдахамкIэ дыарэзыуэ дыкъехыжащ.

*Тхыгъэри сурэтри*
**КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

# Тхылъыр цIыхум и Iэпэгъумэ

● Щэнхабзэ

**Дуней псом щыцIэрыIуэ Хемингуэй Эрнест и тхыгъэхэм ящыщ зым хэт лIыхъужьым мыпхуэдэу щыжеIэ: «Дуней лIэужьыгъуэ зыбжанэ щыIэщ, ауэ абыхэм ящыщу тIум цIыхум и гъащIэм щIыпIэшхуэ щеубыд: зыр - напIэр къызэтепхрэ узэрыпсэур, жьы зэрызыжьэдэпшэр, фIыуэ плъагъухэм уазэрыхэплъэр къапщIэу дунейм узэрытетырщ, адрейри - гугъапIэрэ хъуэпсапIэу гъащIэм щызэIупщэ псоми я зэблэкIыкIэ хъунур псалъэкIэ зэпызыгъэувэ тхылъхэм къагъэщI дунейм узэрыхэтырщ. Абыхэм уахэзагъэмэ, упсэущ, ущыIэщ».**

МЫ псалъэхэм егъэлеиныгъэ гуэр хэлъу къызыщыхъун щыIэщ, тхылъым апхуэдиз мыхьэнэ дауэ зэрептынур, жиIэу. Ауэ, уегупсысыпэмэ, тхылъым, ар зытеухуам емылъытауэ, дэтхэнэ цIыхуми къыхузэIуих дунейм гъащIэм щыпхиш гъуэгухэр нэхъ псынщIэ, нэхъ кIугъуафIэ, нэхъ зэгъэпэщыгъуафIэ къыщещI. Тхылъым цIыхум и дунейм къыхилъхьэр щIэныгъэ къудейкъым; ар зи Iэпэгъум и щыIэныгъэр абы егъэдахэ, щIэщыгъуэ ещI, гуащIэрэ щIагъуэу къызэщIеIэтэ.

Зи щыIэныгъэр тхылъым езыпхахэм абы и мыхьэнэр зэрыиныр фIыуэ къагуроIуэ. Аращ абыхэм яхузэфIэкI къамыгъанэу тхылъым и фIыр цIыхухэм лъагъэIэсу, и купщIэр абыхэм зыхрагъащIэу щIыщытыр. ЩIэблэм драгъэкIуэкI гъэсэныгъэ лэжьыгъэм тхылъыр тегъэщIапIэ хуэзыщIхэм




зэпымычу хэкIыпIэрэ Iэмалу къалъыхъуэр теухуащ абыхэм я къэухьым зэрызиубгъуным, гъащIэм къыщекIуэкI Iуэхугъуэ зэIумыбзхэм къазэрыпекIуэкIын е зэрыщхьэдэбэкъуэхын зэхэщIыкIыр ин зэрыщIыным. Абы и IуэхукIэ мыхьэнэшхуэ иIащ Бахъсэн щIыналъэ библиотекэм 2025 гъэм и кIыхьагъкIэ иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм. Мы гъэм къриубыдэу абы и гъэтIылъыгъэхэм тхылъыщIэ къудейуэ минищым щIигъу къахэхъуащ, абыхэм ехьэлIауэ Iуэхугъуэ 250-м щIигъу ирагъэкIуэкIащ.

КъБР-ми Бахъсэн щIыналъэми я бюджетхэм къыхэкI мылъкумкIэ библиотекэм къыIэрыхьа тхылъхэр нэхъыбэу зэхьэлIар хэгъэгум и щIыдэлъху лъэпкъхэм я тхыдэмрэ архив къэхутэныгъэхэмрэщ, литературэмрэ IуэрыIуатэмрэщ, гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэщ. Библиотекэм и лэжьакIуэхэм къызэрыхагъэщамкIэ, къахэхъуэ тхылъхэр нэхъыбэу цIыхухэр зыщIэупщIэхэм теухуащ, ауэ езы лэжьакIуэхэми щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ епха къыдэкIыгъуэхэм нэхъ трагъащIэ, абыхэм щIэх-щIэхыурэ къазэрылъыгъуазэр къалъытэри.

- ЦIыхум тхылъ къыщимылъыхъуэж дуней дытету жаIэнущ куэдым. Зыми сыпэщIэувэну сыхуейкъым. Апхуэдэу жызыIэм а еплъыкIэр къызыхих щхьэусыгъуэ иIэу къыщIэкIынщ. Сэ жысIэнуращи, тхылъ къыщIэупщIэу къытхуэкIуэр зэи зэпыуркъым. Ди гуапэ зэрыхъунщи, тхылъеджэ ныбжьыщIэхэри ди куэдщ, ныбжь зиIэу еджэныр зи гъащIэм щыщхэри ди мащIэкъым. Мы гъэм тхылъ куэд къытIэрыхьащ, ди гъэтIылъыгъэхэр нэхъ бей ящIу, ахэр зэрыдиIэм и фIыщIэкIэ, къытхуэкIуэхэм я бжыгъэми хэпщIыкIыу хигъахъуэу. Анэдэлъхубзэхэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ ехьэлIауэ къытIэрыхьа къыдэкIыгъуэхэр зэрыщыткIэ щIэщыгъуэ защIэщ, къапщтэмэ, библиотекэхэм фIэкIа, нэгъуэщIыпIэ ущримыхьэлIэну гъуэтыгъуейхэщ. Абыхэм ящыщ куэдыр адыгэбзэрэ балъкъэрыбзэкIэ тхащ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт тхылъхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэр гъэтIылъыгъэхэр ин щIыным хуэунэтIа къудейуэ зэрыщымытыр. Абыхэм куэдкIэ елъытащ щIалэгъуалэм я щэнхабзэ зыужьыныгъэр. ФIыкъэ-тIэ уи щIэблэм я зэхэщIыкIыр лъагэмэ, я къэухьыр бгъуэмэ, дунейм къыщекIуэкIхэм фIыуэ хащIыкIмэ. Сыт хуэдиз щIэныгъэ зумыгъэгъуэтами, укъызыхэкIам пэIэщIэ ухуэхъуа нэужь, лъабжьэншэ уохъу. Абы теухуауэ жыпIэмэ, гухэхъуэкъэ я лъэпкъ щIэжыр къэзыIэт тхыгъэ купщIафIэхэм ныбжьыщIэхэр къазэрылъыгъуазэр. Дыщогугъ дяпэкIэ щIэупщIэ зиIэ, цIыхухэм дежкIэ мыхьэнэ хэха зыгъуэт тхылъхэр къытхэхъуэну, а щIыкIэм тету ди лэжьыгъэми къыщымыщIэну, нэхъри зиIэтыну, - жиIащ Бахъсэн щIыналъэ библиотекэм и унафэщI Нэгъуей Радимэ.

Библиотекэм къыIэрыхьа тхылъхэр къуажэхэм дэт и къудамэхэм ятригуэшащ, мы лъэхъэнэми ахэр цIыхухэм яIэрыхьэ хъуащ. Библиотекэхэм дяпэкIэ литературэ пшыхьхэр, тхылъеджэ зэIущIэхэр, Iэнэ хъурейхэр, квест зэмылIэужьыгъуэхэр ирагъэкIуэкIынущ, а щIыкIэм тету, Хемингуэй и роман лIыхъужьым и жыIауэ, тхылъым къызэIуих дунейм цIыхухэр хишэнущ.

Жылагъуэр зыузэщI, щIалэгъуалэр зыунэтI, щIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ къэзыIэт дэтхэнэ жэрдэмми фIыщIэ пылъщ. Тхылъым цIыхур къешэлIэным къару нэхъыбэ текIуадэ хъуами, нэхъыщхьэращи, абы темызашэ, а Iуэхур зыIэщIэмыужьыхэ лэжьакIуэ телъыджэхэр диIэщ. Я гуащIэ хэмыщIу, я IэщIагъэм и пщIэм хэхъуэу лэжьэну, цIыхухэми тхылъыр я Iэпэгъуу къекIуэкIыну ди гуапэщ.

**ШУРДЫМ Динэ.**

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 10

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ГОСУДАРЬ». ПЕРВЫЙ, КТО ИЗМЕНИЛ ВСЕ» (16+)
**00.10** «Время героев» (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут»
**14.30** Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)
**17.00** «Малахов»
**18.00** «60 минут»
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**23.40** Вечер с Владимиром Соловьевым
**02.20** Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)

### НТВ

**04.55, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «АКУШЕР» (16+)
**22.15** Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
**00.00** Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» )

### ЗВЕЗДА

**05.20** Т/с «ОБГОНЯЯ ВРЕМЯ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** «Преступления в сети. МВД против кибермошенников». «Дело о «небезопасном счете» (16+)
**11.50** «Не факт!» (12+)
**12.20, 13.25** Т/с «СЕРЖАНТ МИЛИЦИИ» (16+)
**14.20, 15.05, 17.15** Т/с «ТУЛЬСКИЙ-ТОКАРЕВ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)
**01.25** Т/с «СЕРЖАНТ МИЛИЦИИ» (16+)
**02.30** Х/ф «ИНСПЕКТОР УГОЛОВНОГО РОЗЫСКА» (16+)
**04.00** Т/с «ТУЛЬСКИЙ-ТОКАРЕВ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Черные дыры. Белые пятна
**08.00** Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
**08.30** Х/ф «ВРЕМЯ-НЕ-ЖДЕТ» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.35** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 23.50** «ХХ век»
**12.45** Новости. Подробно. АРТ
**13.00** Линия жизни
**14.05** Х/ф «ВРЕМЯ-НЕ-ЖДЕТ» (16+)
**15.25** «Агора»
**16.30** Д/с «Передвижники»
**17.15** Концерт в Большом зале Московской консерватории
**17.50** Д/ф «Роман в камне»
**18.20** «Рассказы из русской истории»
**19.45** Главная роль
**20.05** «Правила жизни»
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.45** Д/ф «Мая Миткевич. Хранитель искусства Русского Севера»
**21.30** «Сати. Нескучная классика...»
**22.15** Д/с «Настоящая война престолов»
**23.05** «Рэгтайм, или Разорванное время»
**00.55** Д/с «Запечатленное время»
**01.25** Концерт в Большом зале Московской консерватории
**02.00** Д/ф «Роман в камне»
**02.30** Д/с «Жизнь замечательных идей»

### МАТЧ!

**06.00** «Тайны звезд спорта» (12+)
**06.30** «Все о главном» (12+)
**07.00, 09.00, 12.55, 15.30** Новости
**07.05, 11.35, 22.35** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** Лица страны (12+)
**09.25** «Эволюция спорта» (12+)
**10.30** Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
**12.35** «Специальный репортаж» (12+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** Д/с «Век нашего спорта» (12+)
**14.55** «Тайны звезд спорта» (12+)
**15.35** Громко. Прямая трансляция
**17.00** Плавание. Чемпионат России (бассейн 25 м). Прямая трансляция из Казани
**19.25** Футбол. «Факел» (Воронеж) - «Спартак» (Кострома). Лига Пари. Прямая трансляция
**21.30** Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
**00.00** Армейский рукопашный бой. Кубок Победы. Трансляция из Москвы (16+)

## Гъубж, щэкIуэгъуэм и 11

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ГОСУДАРЬ» (16+)
**00.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут»
**14.30** Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)
**17.00** «Малахов»
**18.00** «60 минут»
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**23.40** Вечер с Владимиром Соловьевым
**02.20** Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)
**03.30** Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)

### НТВ

**04.55, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «АКУШЕР» (16+)
**22.15** Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
**00.00** Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.30** Т/с «ТУЛЬСКИЙ-ТОКАРЕВ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** «Преступления в сети. МВД против кибермошенников». «Дело продавцов мошенников» (16+)
**11.50** «Специальный репортаж» (16+)
**12.05** «По горячим следам» (16+)
**12.20, 13.25** Т/с «СЕРЖАНТ МИЛИЦИИ» (16+)
**14.20, 15.05, 17.15** Т/с «ТУЛЬСКИЙ-ТОКАРЕВ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Улика из прошлого» (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)
**01.20** Т/с «СЕРЖАНТ МИЛИЦИИ» (16+)
**02.25** Х/ф «БУДНИ УГОЛОВНОГО РОЗЫСКА» (16+)
**03.50** Д/с «Москва фронту» (16+)
**04.10** Т/с «ТУЛЬСКИЙ-ТОКАРЕВ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Д/с «Почерк эпохи» с Кириллом Кяро»
**07.45** Д/с «Настоящая война престолов»
**08.30** Х/ф «ВРЕМЯ-НЕ-ЖДЕТ» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.35** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 23.50** «ХХ век»
**12.45** Новости. Подробно. Книги
**13.00** «Рэгтайм, или Разорванное время»
**13.30** Д/с «Настоящая война престолов»
**14.20** Х/ф «ВРЕМЯ-НЕ-ЖДЕТ» (16+)
**15.45** «Сати. Нескучная классика...»
**16.30** Д/с «Коллекция»
**17.15** Концерт в павильоне «Космос» на ВДНХ
**18.30** Д/с «Жизнь замечательных идей»
**19.00** Д/с «Почерк эпохи» с Кириллом Кяро»
**19.45** Главная роль
**20.05** «Правила жизни»
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.45** Искусственный отбор
**21.30** «Белая студия»
**22.15** Д/с «Настоящая война престолов»
**23.05** «Рэгтайм, или Разорванное время»
**00.55** Концерт в павильоне «Космос» на ВДНХ
**01.45** Д/ф «Роман в камне»
**02.15** Д/с «Жизнь замечательных идей»

### МАТЧ!

**06.00** «Тайны звезд спорта» (12+)
**06.30** «Наши иностранцы» (12+)
**07.00, 09.00, 12.55, 15.30** Новости
**07.05, 11.35, 15.35, 23.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05, 12.35** «Специальный репортаж» (12+)
**09.25** «Эволюция спорта» (12+)
**10.30** Смешанные единоборства. Г. Бонфим - Р. Браун. UFC. Трансляция из США (16+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** Д/с «Век нашего спорта» (12+)
**14.55** «Тайны звезд спорта» (12+)
**17.00** Плавание. Чемпионат России (бассейн 25 м). Прямая трансляция из Казани
**19.00** Мир РПЛ. Прямая трансляция
**20.55** Баскетбол. «Игокея» (Босния и Герцеговина) - «Уралмаш» (Россия). Winline Basket Cup. Прямая трансляция
**00.00** Смешанные единоборства. Б. Мухаммад - Дж.Д. Маддален. UFC. Трансляция из Канады (16+)
**01.30** Матч! Парад (16+)
**02.00** Баскетбол. УНИКС (Казань) - «Самара». Единая лига ВТБ (6+)
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Д/ф «Ярцев. Вечное сияние»
**04.55** Художественная гимнастика. Небесная грация. Прямая трансляция из Китая

## Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 12

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ГОСУДАРЬ» (16+)
**00.10** «Шоу Вована и Лексуса» (16+)
**01.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут»
**14.30** Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)
**17.00** «Малахов»
**18.00** «60 минут»
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**23.40** Вечер с Владимиром Соловьевым
**02.20** Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)

### НТВ

**05.00, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «АКУШЕР» (16+)
**22.15** Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
**00.00** Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.35** Т/с «ТУЛЬСКИЙ-ТОКАРЕВ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** «Преступления в сети. МВД против кибермошенников». «Дело об опасных вкладах» (16+)
**11.50** «Специальный репортаж» (16+)
**12.05** «По горячим следам» (16+)
**12.20, 13.25** Т/с «СЕРЖАНТ МИЛИЦИИ» (16+)
**14.20, 15.05, 17.15** Т/с «ТУЛЬСКИЙ-ТОКАРЕВ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** Д/с «Секретные материалы» (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)
**01.25** Т/с «СЕРЖАНТ МИЛИЦИИ» (16+)
**02.25** Х/ф «КОРТИК» (16+)
**03.50** Д/с «Оружие Победы» (12+)
**04.05** Т/с «ТУЛЬСКИЙ-ТОКАРЕВ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Легенды мирового кино
**07.45** Д/с «Настоящая война престолов»
**08.35** Д/с «Забытое ремесло»
**08.50** Х/ф «ТРЕСТ, КОТОРЫЙ ЛОПНУЛ» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.35** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.15, 23.50** «ХХ век»
**11.55** Д/ф «Роман в камне»
**12.45** Новости. Подробно. Кино
**13.00** «Рэгтайм, или Разорванное время»
**13.30** Д/с «Настоящая война престолов»
**14.20** Х/ф «ТРЕСТ, КОТОРЫЙ ЛОПНУЛ» (16+)
**15.30** «Белая студия»
**16.15** Д/с «Забытое ремесло»
**16.30** «Библейский сюжет»
**17.15** Концерт в Большом зале Московской консерватории
**18.00** Д/ф «Роман в камне»
**18.30** Д/с «Жизнь замечательных идей»
**19.00** Легенды мирового кино
**19.45** Главная роль
**20.05** «Правила жизни»
**20.35** Линия жизни
**21.30** Абсолютный слух
**22.15** Д/с «Настоящая война престолов»
**23.05** «Рэгтайм, или Разорванное время»
**00.25** Д/ф «Роман в камне»
**00.55** Концерт в Большом зале Московской консерватории
**01.40** Д/ф «Мая Миткевич. Хранитель искусства Русского Севера»
**02.20** Д/с «Жизнь замечательных идей»

### МАТЧ!

**06.00** Художественная гимнастика. Небесная грация. Прямая трансляция из Китая
**12.55** Новости
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** «Вид сверху» (12+)
**14.55** Волейбол. «Локомотив» (Новосибирск) - «Белогорье» (Белгород). Чемпионат России. Суперлига. Мужчины. Прямая трансляция
**17.00** Плавание. Чемпионат России (бассейн 25 м). Прямая трансляция из Казани
**19.00** Футбол. Россия - Перу. BetBoom матч сборной. Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
**22.15** Все на Матч! Прямая трансляция
**00.00** Смешанные единоборства. Г. Бонфим - Р. Браун. UFC. Трансляция из США (16+)
**01.30** «Что за спорт? Экстрим» (12+)

## Махуэку, щэкIуэгъуэм и 13

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ГОСУДАРЬ» (16+)
**00.00** Д/ф «Неслучайный свидетель истории». К 100-летию писателя Роя Медведева (12+)
**00.55** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут»
**14.30** Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)
**17.00** «Малахов»
**18.00** «60 минут»
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**23.40** Вечер с Владимиром Соловьевым
**02.20** Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)

### НТВ

**05.00, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «АКУШЕР» (16+)
**22.15** Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
**00.00** Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
**00.50** «Поздняков» (16+)
**01.05** «Мы и наука. Наука и мы» (12+)

### ЗВЕЗДА

**05.35** Т/с «ТУЛЬСКИЙ-ТОКАРЕВ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** «Преступления в сети. МВД против кибермошенников». «Дело билетной мафии» (16+)
**11.50, 13.25** Х/ф «ИГРА БЕЗ ПРАВИЛ» (16+)
**14.25, 15.05, 17.15** Т/с «НА РУБЕЖЕ. ОТВЕТНЫЙ УДАР» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Код доступа» (12+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)
**01.20** Х/ф «ИГРА БЕЗ ПРАВИЛ» (16+)
**02.55** Х/ф «ЗАПАСНОЙ ИГРОК» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Д/с «Почерк эпохи» с Кириллом Кяро»
**07.45** Д/с «Настоящая война престолов»
**08.35** Д/с «Забытое ремесло»
**08.50** Х/ф «ТРЕСТ, КОТОРЫЙ ЛОПНУЛ» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.35** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 23.50** «ХХ век»
**12.45** Новости. Подробно. Театр
**13.00** «Рэгтайм, или Разорванное время»
**13.30** Д/с «Настоящая война престолов»
**14.20** Х/ф «ТРЕСТ, КОТОРЫЙ ЛОПНУЛ» (16+)
**15.30** «2 Верник 2»
**16.30** Д/с «Пряничный домик»
**17.15** Концерт в Концертном зале имени П. И. Чайковского
**18.30** Д/с «Жизнь замечательных идей»
**19.00** Д/с «Почерк эпохи» с Кириллом Кяро»
**19.45** Главная роль
**20.05** Открытая книга
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.45** Д/ф «Баллада о солдате». Я вернусь, мама!»
**21.30** «Энигма»
**22.15** Д/с «Настоящая война престолов»
**23.05** «Рэгтайм, или Разорванное время»
**01.05** Концерт в Концертном зале имени П. И. Чайковского

### МАТЧ!

**06.00** Художественная гимнастика. Небесная грация. Прямая трансляция из Китая
**12.55, 15.25** Новости
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** Д/с «Век нашего спорта» (12+)
**14.55** «Тайны звезд спорта» (12+)
**15.30, 23.05** Все на Матч! Прямая трансляция
**16.45** Д/ф «Шмейхель» (12+)
**18.45** Хоккей. «Ак Барс» (Казань) - «Динамо» (Москва). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
**21.30** Бильярд. BetBoom. Кубок мира. Прямая трансляция из Москвы
**00.00** Смешанные единоборства. А. Малыхин - У. Кейн. One FC. Трансляция из Таиланда (16+)
**01.30** «Вид сверху» (12+)
**02.00** Театрализованное спортивно-гимнастическое шоу Алексея Немова «Легенды спорта. Наследие». Трансляция из Москвы (6+)
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Д/ф «Гавриил Качалин. Дедушка Гава» (12+)

## 1 КъБР ★ «Мир» канал

**Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 10**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Псалъэм и зэфIэкIыр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.35** «Нэхъ псынщIэу, нэхъ лъагэу, нэхъ лъэщу» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Езым и дуней» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.35** «Узыншагъэм папщIэ» (12+)
**8.00** «Новости. Утро. 1КБР». Информационная программа. (16+)
**8.10** «Страна улыбок». Сабийхэм папщIэ нэтын (6+)
**8.35** «Билляча». Нэгузыужь нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Дыгъэ-щыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.35** «КъэфакIуэхэр». «Шагъдий» ансамблыр (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.35** «Албар». Ольмезов Абдул-Хьэлим (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.15** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Уузыншэмэ». Медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, травматолог, ортопед Емкъуж Олег (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.15** «Сурэтхэм къаIуатэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.50** «Тхыдэмрэ хабзэмрэ». УФ-м и МВД-м и лэжьакIуэхэм я махуэщ (12+)
**21.10** ТхьэкIумэм, тэмакъым, пэм ехьэлIа узыфэхэр зэфыкIхэр зыгъэхъуж дохутырхэм я щIэныгъэ зэхуэс (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Гъубж, щэкIуэгъуэм и 11**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Жаншэрхъ». Спорт нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.40** «Анэдэлъхубзэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Хабзэ дахэр лъэпкъым и напэщ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.30** «Чамхана». ГушыIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** ТхьэкIумэм, тэмакъым, пэм ехьэлIа узыфэхэр зэфыкIхэр зыгъэхъуж дохутырхэм я щIэныгъэ зэхуэс (12+)
**8.40** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**8.55** Цыферов Г. «Как отдыхал подъёмный кран». Сабийхэм папщIэ таурыхъ (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Таурыхъым фрегъэблагъэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**17.30** Анэдэлъхубзэ». Телевикторинэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.00** «ГушыIалъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.40** «Уи зэман». Тележурнал (12+)
**19.20** «Къэбэрдей-Балъкъэрым и дыщэ вагъуэхэр». Совет Союзым и ЛIыхъужь Къардэн Къубатий (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** Бештокъуэ Хьэбас. «Мывэ лъэхъэнэ». Телезарисовкэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.00** «ЩIэныгъэр-гъуазэщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.35** «Бгыхэмрэ бгырысхэмрэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.10** «Дэфтэрхэмрэ щыхьэтхэмрэ». КъБР-м щыIэ избиркомыр илъэс 30 ирокъу (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 12**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** Бештокъуэ Хьэбас. «Мывэ лъэхъэнэ». Телезарисовкэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.25** «ЩIэныгъэр-гъуазэщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Анэдэлъхубзэ». Телевикторинэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.40** «IэщIагъэм зыхуагъасэу» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Зэгъусэу доджэ» (12+)
**8.40** «Таурыхъым фрегъэблагъэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Лэгъупыкъу». Сабийхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.30** «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.00** «Ди хьэщIэхэр». Мамаевэ Iэсият. КъШР (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.25** «Си хъыбарыр». КаратэмкIэ дунейпсо чемпион Нэгъуей Еленэ. Япэ нэтын (12+)
**18.55** «Фортепианэм папщIэ ятха макъамэхэм я концерт» (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Дахагъэр и пщалъэу». Абазэ Рэмэзан (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.20** «ЩIэныгъэ». Теппеев Алим итха «Бийнёгер» пьесэм теухуауэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.10** «Яблочный джем». Фестиваль (12+)
**21.30** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Махуэку, щэкIуэгъуэм и 13**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Дахагъэр и пщалъэу». Абазэ Рэмэзан (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.45** «ЩIалэгъуалэр мэгушыIэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Зэманым дыкъыхихащ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.35** «Ди хьэщIэхэр». Мамаевэ Iэсият. КъШР (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Си хъыбарыр». КаратэмкIэ дунейпсо чемпион Нэгъуей Еленэ. Япэ нэтын (12+)
**8.40** «Лэгъупыкъу». Сабийхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Нанэ и псэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.30** «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.00** «Жыр салам». Макъамэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.45** «Си хъыбарыр». КаратэмкIэ дунейпсо чемпион Нэгъуей Еленэ. ЕтIуанэ нэтын (12+)
**19.15** «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Лъагъуныгъэм и макъамэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.20** «Ракурс». Микология (12+)
**20.45** ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ институтыр илъэс 35-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ гуфIэгъуэ зэхыхьэ. Япэ нэтын (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Мэрем, щэкIуэгъуэм и 14**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Усыгъэм гъунэ иIэкъым» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.30** «ЩIэблэ узыншэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «ЕгъэджакIуэ». Абезеховэ Жулдуз. Тырныауз къалэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.35** «Къыхэхахэр. КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Отаров Керим (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Зэпсэлъэныгъэ». Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ Дэгу Каринэ (12+)
**8.40** «Нанэ и псэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Ма алай!» ЩIалэгъуалэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.40** «Нобэрей бзылъхугъэ». Журналист, усакIуэ Гугъуэт Заремэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.10** Хьэсэней дэт курыт еджапIэ №16-р илъэси 100 ирокъу (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «ФIым телэжьэн» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.00** «Бгыщхьэ макъамэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.40** ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ институтыр илъэс 35-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ гуфIэгъуэ зэхыхьэ. ЕтIуанэ нэтын (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 15**

**6.00** «Нобэрей бзылъхугъэ». Журналист, усакIуэ Гугъуэт Заремэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.30** «ФIым телэжьэн» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.45** «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.25** «Чемпионхэр». СССР-м шы спортымкIэ и мастер Къуныжь Мухьэрбий (12+)
**7.50** «Сабийгъуэм и дуней». Налшык къалэ дэт 58-нэ сабий сад №58-р илъэс 50 ирокъу (12+)
**8.30** «Ма алай!» ЩIалэгъуалэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.00** «Зэребгъасэщ». Сабийхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.20** «Сосрыкъуэ». Налшык къалэ нэхъ щIыпIэ лъагэ дыдэм щаухуам и тхыдэ (12+)
**17.50** «Чыржыным и IэфIагъыр» (12+)
**18.10** Гоций К. «Женщина-Змея». КъШР-м и Урыс къэрал драмэ, гушыIэ театрым и спектакль (16+)
**19.20** «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ) (16+)
**19.35** «Сценэм къыхуигъэщIа». ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ Мэкъуауэ ФатIимэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.20** «Дзэм къулыкъу щащIэну щеджэ зэман» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.55** «ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**21.10** «Хъыршыным и махуэшхуэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)

**Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 16**

**6.00** «Дзэм къулыкъу щащIэну щеджэ зэман» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.35** «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ) (16+)
**6.50** «Хъыршыным и махуэшхуэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.40** «ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**7.55** «Къэбэрдей-Балъкъэрым и дыщэ вагъуэхэр». Совет Союзым и ЛIыхъужь Яхэгуауэ Михаил (12+)
**8.10** «Сосрыкъуэ». Налшык къалэ нэхъ щIыпIэ лъагэ дыдэм щаухуам и тхыдэ (12+)
**8.40** «Зэребгъасэщ». Сабийхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.00** «Удэзыхьэх Iуэхухэм я клуб» (6+)
**17.35** «ГушыIалъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.05** «Налшык и пшыхьхэр». Макъамэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.45** «Хъыршыным и махуэшхуэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.15** Гъуазджэм теухуауэ (12+)
**19.30** «Зэгъусэу уэрэд жыдоIэ» (12+)
**20.40** «Мысостышхуэ Пщызэбий». УФ-м щIыхь зиIэ и артист Мысостышхуэ Пщызэбий къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.30** «Республикэ: тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (16+)

## «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и радио

**Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 10**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.35** Лъэпкъым и псэкупсэ джэлэс. «Уанэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.35 - 9.00** «Зэманым и теплъэгъуэхэр». Этезов Омар и фэеплъу (урысыбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Ди хъугъуэфIыгъуэхэр» циклым щыщщ (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.50** «Вагъуэбэ» (урысыбзэкIэ)
**13.50 - 14.00** «ЛIэщIыгъуэхэм я зэпыщIэныгъэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 16.00** Кулиев Къайсын и тхьэмахуэ. «ЩIымахуэм и чэзут» романым щыщ пычыгъуэ. Ещанэ Iыхьэр (урысыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.35** «Псоми тедгъэкIуэдэнур дакъикъитхущ» (урысыбзэкIэ)
**18.35 - 19.00** Ди фонотекэм щIэуэ къыхэхъуахэр (урысыбзэкIэ)

**Гъубж, щэкIуэгъуэм и 11**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «Сурэтылъэжьым къыдэтха сурэт». Моттаевэ Светланэ (адыгэбзэкIэ)
**8.30 - 8.40** «Лъэпкъым и Iущыгъэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** Нало Ахьмэдхъан. Iуэтэжхэр (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Вагъуэ закъуэ». Думэн Мурадин (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Зи чэзу Iуэхухэм ятеухуауэ» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «Таурыхъхэм я дунейм - зыплъыхьакIуэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 16.00** «Уэрэдыр гъащIэм щиIэпэгъуу» (адыгэбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 19.00** Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъумрэ ирихьэлIэу. Къардэн зэкъуэшхэр (адыгэбзэкIэ)

**Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 12**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ». ХъыбарегъащIэ-макъамэ канал (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.40** «ГъащIэм и макъамэ». Щомахуэ Хьэсэнбий (адыгэбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «КъежьапIэ». Балъкъэр драмэ театрыр (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Гухэлъ уэрэдхэм я концерт» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъумрэ ирихьэлIэу. Зауэм хэта тхакIуэхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ГъащIэм зызымыхъуэж и хабзэхэр: къежьапIэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «Адыгэ псалъэм хэлъ Iущыгъэр» (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «ЗэхъуэкIыныгъэ ин» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.50** Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъумрэ ирихьэлIэу. «Зауэ гъуэгуанэхэмкIэ» (урысыбзэкIэ)
**18.50 - 19.00** «ЩIым къытрина лъэужьыр» (урысыбзэкIэ)

**Махуэку, щэкIуэгъуэм и 13**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ». ХъыбарегъащIэ-макъамэ канал (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.40** «Тхыдэм и напэкIуэцIхэр». Шэрэдж щIыналъэр илъэс 90 ирокъу (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** Бзылъхугъэм и дунеймрэ адыгэхэм я хабзэмрэ (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** Макъамэ театрым и артистхэм я концерт (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Узыншагъэ» лъэпкъ проектыр. Фошыгъу узым ебэныным и дунейпсо махуэ (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «XX лIэщIыгъуэм и антологиер» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «И чэзу дыдэщ» (урысыбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Динымрэ хабзэмрэ» (адыгэбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.45** «КапитанитI» (урысыбзэкIэ)
**18.45 - 18.50** «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщщ» радиопроектыр. Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъумрэ ирихьэлIэу (урысыбзэкIэ)
**18.50 - 19.00** «Кавказым и симфоние». ХьэIупэ ДжэбрэIил (урысыбзэкIэ)

**Мэрем, щэкIуэгъуэм и 14**

**7.10 - 7.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**7.25 - 7.45** «ПщэдджыжьыфIыр цIыхуфIхэм драгъусэу» (адыгэбзэкIэ)
**7.45 - 8.00** «70 - 80 гъэхэм радиом къитахэм щыщщ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «Къызыхуалъхуа IэщIагъэр». Абаевэ Сэкинат (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 9.00** «ЛIэщIыгъуэм и цIыху цIэрыIуэхэр». Ефэнды Джылахъстэн (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «НэхъыфI дыдэу слъагъу си уэрэд» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.35** «Къэбэрдей-Балъкъэрыр нобэ» (урысыбзэкIэ)
**13.35 - 13.45** «Ар тщIэн хуейщ» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ЛIэщIыгъуэм и цIыху цIэрыIуэхэр». Шаваевэ Миналдан (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «Интернетымрэ сабийхэмрэ». Психологым допсалъэ (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Ууаз» (диным теухуауэ) (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.45** «Спорт щхьэл» (урысыбзэкIэ)
**18.45 - 19.00** «Бжэ телъыджэ» (урысыбзэкIэ)

**Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 15**

**10.10 - 11.00** «Кавказым и пшэплъхэр». Радиожурнал (урысыбзэкIэ)
**11.10 - 11.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ)
**11.25 - 11.40** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.40 - 12.00** Макъамэ калейдоскоп (адыгэбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 16**

**10.10 - 10.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (урысыбзэкIэ)
**10.25 - 11.00** Шаваевэ Миналдан. «Фэ сыт флъэгъуар?» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.10 - 12.00** Театрыр микрофоным Iутщ. КIэрашэ Тембот. «Шапсыгъхэм япхъу». ЕтIуанэ Iыхьэр (адыгэбзэкIэ)

## «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 10**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Хэкум къулыкъу хуэщIэн». Гулэжын Беслъэн (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «IэщIагъэлIхэр». УФ-м и МВД-м и лэжьакIуэхэм я махуэщ (12+)
**17.30** «Коррупцэм пэщIэтын»
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Гъубж, щэкIуэгъуэм и 11**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Си гъащIэм и гуфIэгъуэ». Тахукенов С. (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «ЛIакъуэ». БжьыхьэлIхэ
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 12**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Гупсысэр псалъэкIэ». ЦIыхубэ артист Жылокъуэ М. (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** Сабий ныкъуэдыкъуэхэм яхуэгъэза псапащIэ Iуэху
**17.10** «Коррупцэм пэщIэтын»
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Махуэку, щэкIуэгъуэм и 13**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** Отаров Керим и юбилейм ирихьэлIэу (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». Ефэнды Джылахъстэн къыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу (12+)
**17.30** «Литературэм и дуней». Кулиев Къайсын къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Мэрем, щэкIуэгъуэм и 14**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Актёрым и монолог». Балъкъэр Юрэ (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «Терроризмэм зэрызыщыпхъумэн». Фильм (12+)
**17.20** «Зи чэзу интервью». КIэрэш Аксанэ (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 15**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**8.20** ЩIыпIэ зэман. Щэбэт (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**20.50** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 16**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. Федеральнэ щIыналъэм щыхъыбархэр
**8.20** ЩIыпIэ зэман. Тхьэмахуэ
**14.30** ЩIыпIэ зэман. «Тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (12+)

## «Россия 24» «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 10**

**15.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)
**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Гъубж, щэкIуэгъуэм и 11**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)

**Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 12**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Махуэку, щэкIуэгъуэм и 13**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)

**Мэрем, щэкIуэгъуэм и 14**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 15**

*Лажьэркъым*

**Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 16**

**13.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)

# ХЬЭМЫРЗЭ Ахьмэд: ЩIэныгъэр IэщIагъэ, IэщIагъэр лэжьыгъэ мэхъу

***Ди IэщIагъэм и фIыгъуэ нэрымылъагъухэм ящыщщ махуэ къэс цIыху гъэщIэгъуэнхэм, зи IуэхущIафэрэ гуп хэтыкIэкIэ щапхъэхэм дазэрыхуэзэр, абыхэм депсэлъылIэну Iэмал зэрыдиIэр. Псэлъэгъу схуэхъумэ си гуапэу, зи деж си лъэр нэзмыхусахэм, зи утыку итыкIэр, зи лэжьыгъэр сфIэгъэщIэгъуэну, зи псалъэ зэхэсхым сфIэфIу къэзмыгъэпсэлъахэм ящыщ зыщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист, Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр пажэ Хьэмырзэ Ахьмэд. Абы и ныбжьыр илъэс 55-рэ зэрырикъуар къэзгъэсэбэпри, ди редакцэм къезгъэблэгъащи, къызжиIахэм си гуапэу фыщызогъэгъуазэ.***

**- Уи лэжьыгъэри, дуней тетыкIэри, гупсысэкIэри и щыхьэтщ адыгэгу зэрыпкIуэцIылъым, адыгэпсэ зэрыпIутым, Ахьмэд. Сыт е хэт абы и къежьапIэр?**

- КъежьапIэр сабиигъуэращи, абы сытепсэлъыхьыну Iэмал къызэрызэптар хуабжьу лъапIэщ си дежкIэ. АпхуэдизкIэ гуапэу, IэфIу си цIыкIущхьэр сигу къокIыжри, мы дунейм цIыху тету си фIэщ хъуркъым сэр нэхърэ нэхъ сабиигъуэфI зиIа. Апхуэдэу щIыжысIэм и щхьэусыгъуэхэри куэд мэхъу. Ди адэ-анэм дадэIэпыкъуу щытащ, губгъуэми дитащ, Iэщхэри зыхуей хуэдгъэзащ, мэкъуи деуащ, жэми къэтшащ. Мис а лэжьыгъэ тщIэрат насыпыфIэ дызыщIыр. Лъагъуныгъэу зыхыдагъэщIам нэмыщIкIэ, лэжьыгъэр зищIысыр тщIэуэ, цIыхум IуэхукIэ дахыхьэу дагъэсащ. Адэ-анэм быным къытхуаIа лъагъуныгъэмрэ унагъуэ Iуэхур зэкъуэшищымрэ зэшыпхъуитIымрэ къыттегуэшауэ дызэрапIамрэ хэлъа Iущыгъэр схузэгъэзэхуэну си фIэщ хъуркъым.

БалигъыпIэ диувэху, ди щхьэ зыхуей хуэдгъазэ хъуху лъагъуныгъэкIэ, лэжьыгъэкIэ, гъэсэныгъэкIэ дыкъахъумащ дыкъэзылъхуахэм. ПIэ щабэ дыкъыхэкIыу, щыгъын хуабэ щыттIагъэу, ерыскъы IэфI тшхыуэ школым дыкIуэн нэхъ лажьэ тлъэгъуакъым ди сабиигъуэм. Ар псы къэхьакIэ щыпщафIэ, щыжьыщIэ, хьэкум мафIэ щращIэ зэмант. ЩIымахуэ жэщым диижа унэр хуэбэжауэ нэху дыкъекIын щхьэкIэ кIыфIзэхэту къэтэджрэ мафIэр зэщIагъэстыжу. Дунейм нэхъыфIу щыIэмкIэ зэщIэлъэщIа апхуэдэ сабиигъуэр дауэ уигу къызэримынэнур?!

Си адэмкIи си анэмкIи адэшхуэ слъэгъуакъым сэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи. И куэщI симыкIыу сисауэ къысщыхъунт ар си адэм ицIыхужу щытамэ. Зэкъуэшищри Хэку зауэшхуэм хэкIуэдащ. Си анэшхуэмрэ анэш нанэмрэ схуэпсэуащи, абыхэм ядэслъэгъуахэр сигу гуапэу къокIыж. Уагъэ, щагъэ зэращIу щытауэ си сабиигъуэм си нэгу щIэкIар апхуэдиз зэман дэкIауэ си нэм, си Iэпэхэм къагъуэтыжащ. ЛъэныкъуитIымкIи сы-Зеикъуэщ (ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ). Си анэшыр Щомахуэхэщ, си адэм и анэр Дыгулыбгъуей ЩхьэщэмыщIхэ япхъут.

**- Нэхъыбэ дыдэу узэрыгушхуэу, щапхъэ тепхыу хэт уиIэр, Ахьмэд?**

- Жылэ щIалэ цIыкIум хуэдэу, ин сыхъумэ машинэ нэхъ ин дыдэм сису сышофёрыну арат сызыхуейр, колхозыр зыухуахэм ящыщ, машинэ дэс си адэм ещхьу. Псэемыблэжу зэрылажьэр, къуажэри жылэри зыщIагъэхьэу, благъэр ямыгъэкIуэду, унагъуэр зыхуей хуагъазэу зэрыпсэур си дежкIэ щапхъэт. Шофёр IэщIагъэр къыхэзмыхыу щхьэ артист сыхъуныр нэхъ къэсщта жысIэу сызоупщIыжри, абы си адэмрэ си нэхъыжьхэмрэ я фIыгъэ хэлъщ. Си адэм дэслъэгъуам нэхъыщхьэу къыхэсхар IэщIагъэ къыхэпхам узэрыхущытырщ, ар къэбгъэсэбэпу фIыгъуэ зэрыпщIэнырщ, цIыхум, лъэпкъым ифI хэлъу къызэрыбгъэсэбэпынырщ. Iэпэгъу сщIа Iуэхум хьэлэлу срилэжьэфмэ, сытемызашэу, сымытхьэусыхэу фIы иризэзгъэхъулIэфмэ, абыхэмкIэ си адэм ещхь сыхъумэ, си дежкIэ насыпщ.

Сабиигъуэ хъуапсэу къыхэсхакъым си IэщIагъэр. Балигъ сыхъущ, Совет властыр мыкъутэж щIыкIэ дзэми къулыкъу щысщIэри, 1990 гъэм сыкъэкIуэжат. Ди псэугъуэ-Iуэху щIэгъуэти, лэжьыгъэ гуэрхэми сеплъащ. Илъэс дэкIри къэралри лъэлъэжащ...

Дунейм къыщыхъу зэрыхьзэрийхэр лъэпкъ мащIэхэм нэхъ къажьэхоуэ. Апхуэдиз фIыгъуэр зыдэплъагъуу илъэс мин бжыгъэм къыкIуэцIрыкIа адыгэ лъэпкъым къыкIэрыпщIэр, зэрызихъуэжыр сигу къеуэрт. Апхуэдэу щыщыткIэ, абы сэбэп узэрыхуэхъун, лъэпкъым хуэгъэзауэ зы фIыгъуэ гуэр зэрыпхуэщIэн IэщIагъэ къыхэпхын хуейт. А зэманыр къыщысам сэр нэхърэ илъэсихкIэ нэхъыщIэ си къуэшыр Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым щеджэрт. Арати, а еджапIэм сыщIэтIысхьащ. IэщIагъэр къызэхъулIэмэ, ар къэзгъэсэбэпу цIыхум емрэ фIымрэ сахутепсэлъыхь хъунут. Роль бгъэзащIэхэмкIэ зебгъэцIыхужыну Iэмал щIагъуэкъэ ди IэщIагъэр?! Сценэр щIым къытеIэтыкIа зы лъагапIэ гуэрщ. Абы къикIыркъым сэ зызгъэлъагэу, ауэ артист IэщIагъэм хуитыныгъэ къует цIыхум зыхуэбгъэзэну.

Сызэрыбалигъым щхьэкIэу къыщIэкIынщ – япэ курсым къыщыщIэдзауэ утыку сихьащ. ПсэлъэкIэм и щэхухэм дыхуезыгъаджэ Мысостышхуэ Пщызэбий «мы Iуэтэжым телевиденэм, радиом къыщеджэ, архивым къыхэнэнщ» жиIэурэ абыхэм сигъакIуэрт, ди худрукыу щыта Шыбзыхъуэ Басир театрым щагъэув спектаклхэм щыщ теплъэгъуэхэм сыхигъэхьэрт. 1995 гъэхэращ зи гугъу сщIыр, абы лъандэрэ илъэс 30 дэкIыжащ.

СщIамкIэ сигу зэгъащ, жысIэмэ пцIы сыупсынущ, ауэ къыхэпха IэщIагъэмкIэ уарэзы жыпIэмэ, арэзыныгъэ хызолъагъуэ, зы махуи сыхущIегъуэжакъым. Хэлъ гугъуехьхэри солъагъу икIи къызгуроIуэ, и фIыгъуэхэри зыхызощIэ. Псори зэхэтыжу уи гур щигъэпIейтейм деж, си IэщIагъэр схъумарэт, ар къэзгъэсэбэпу си лъэпкъым иджыри зыгуэр хуэсщIарэт хужызоIэж си щхьэм. Апхуэдэу щыщыткIэ, IэщIагъэр сысейуэ къыщIэкIынщ.

**- Артист умыхъуамэ, сыт хуэдэ IэщIагъэу пIэрэт къыхэпхынур?**

- Хэти сыхъунут, ауэ... Ди адэр къызэрытщхьэщымытыжрэ илъэс еплIанэ йокIуэкIри, абы лъандэрэ си IэщIагъэр сэркIэ нэхъ лъапIэж хъуащ. Си фIэщ хъуркъым си адэм хуэдэу артист IэщIагъэр къызыгурыIуэ сыкъэзыухъуреихьхэм яхэтауэ. Мо сабиигъуэ гугъу зиIам, еджэну гъуэтыгъуэ имыхуам къыттеубгъуауэ бынитхум щIэныгъэ дигъэгъуэтат. «Лъэпкъым ухуэлэжьэныр къалэнышхуэщ, ар къыбгурыIуэу уи IэнатIэм пэрыт, гугъуехьу хэлъхэр лъэпощхьэпо зыхуумыгъэхъуу», - къызжиIэрт абы. Къуажэдэсхэм е и благъэхэм «уи щIалэр зыхэт спектакль деплъащ, телевизоркIэ тлъэгъуащ» къыщыжраIэкIэ, и лъэр жан хъурт, хуабжьу щыгуфIыкIырт. Дунейм цIыхуу тетым яхурикъуну къысщыхъурт ди адэм и лъагъуныгъэр, апхуэдизкIэ цIыху фIыуэ илъагъурти. «Фи пщэ дэлъ къалэныр ныкъуэ фымыщI, дэ дызыхуейIамэ сэ вжесIэнщ», - жиIэу псэуащ ди адэр. Лэжьыгъэр унагъуэм япэ изыгъэщ цIыхут, дунейм теттэкъым къыпхуимыщIэн ущхьэхыу иумыгъэлъагъу къудеймэ. «Къым» зэхэзывмыгъэх» жиIэрт, цIыхум и щхьэм, и Iуэхум шэч трищIэжу игу зэрытемыхуэр къикIыу. Хуеймэ, цIыхум лъэмыкIын щымыIэут къызэрилъытэр. Апхуэдэу зэи зыми жиIэу зэхэзмыха куэд къыжьэдэкIырт абы.

**- Актёр IэщIагъэм, псом хуэмыдэу адыгэ лъэпкъ гъуазджэм ухуэлэжьэным, сыт нэхъыщхьэ дыдэу хэлъыр?**

- Си щхьэм деж щегъэжьауэ, лъэпкъым ифI езыгъэкIыну мурад зыщIа дэтхэнэми и къалэн нэхъыщхьэр зыхэслъагъуэр увыIэгъуэ имыIэу и псэм, и дунейм телэжьэн зэрыхуейращ. Мыр си IэщIагъэщи абы срилажьэу, срипсэууэ аркъудейщ, жыпIэу унэм укIуэжа иужь IэщIагъэр зэбгъэтIылъэкI хъунукъым. Театрым дыкъыщIэкIыжри ди лэжьыгъэр духащ, жытIэу «зыдгъэункIыфIыну» дыхуиткъым. Псэху умыщIэу, щхьэзыфIэфIыгъэрэ пагагъэрэ Iуэхум къыхыумыгъэхьэу, шыIэныгъэ зыхэбгъэлъу щытмэщ щапхъэу уагъэлъагъуэну хуитыныгъэ ущиIэнур. Дэ дынэгъуэщI цIыхуу аракъым апхуэдэу щIыжысIэр, ди IэщIагъэм къытхуигъэув пщэрылъщи аращ.

**- Сценэм къыщыбгъэщIа образхэм ящыщ дэтхэнэри фIы дыдэу къохъулIащ, Ахьмэд. Ауэ абыхэм уэ къахэбгъэщхьэхукI яхэт?**

- УпщIэр тыншщ икIи гугъущ. Ди гъащIэм, ди дунейм, ди къэIуэтэкIэм ящыщ гуэр тIэщIэкIыу дгъэзащIэ образым щыхэтлъхьэ щыIэщ. Укъэзыщыху режиссёрым уи хьэл, уи зэфIэкI къилъытэу ролыр къыпхуигъэфэщамэ, зыгъэзэщIапхъэм лъысамэ, лэжьыгъэм и ныкъуэр занщIэу щхьэщыха мэхъу. Абы и лъэныкъуэкIэ тыншщ. Ауэ сэ езым си дунейм хэслъагъуэр, си IэщIагъэм хузиIэ еплъыкIэр цIыхухэм сэ къыздалъагъуну хуейм техуэу, къызэплъыр щызмыгъауэу пIэрэ? КъызэрысщыгугъыукIыу сакъыхущIэмыкIмэ, жысIэу согузавэри, абы и лъэныкъуэкIэ гугъущ.

Утыку къисхьа роль псори щхьэхуэу узытепсэлъыхь хъуну защIэщ, яхужыпIэнри куэдщ. КъыщыпхуагъэфащэкIэ, къарурэ зэфIэкIыу уиIэр епхьэлIэнурэ пщIынущ дэтхэнэри. Ауэ къыхэзгъэщхьэхукIыу зыбжанэ сиIэщи, ахэр бжесIэнщ.

Абыхэм ящыщщ Васильев Борис итха «А зори здесь тихие» повестым къытращIыкIа спектаклым хэт Васков и ролыр. Зауэм цIыхум насыпыншагъэу къыхуихьыр, абы псэкIуэду зи гъащIэр игъэныр, псэууэ къэнам ар зэрызыхищIэмрэ гукъеуэу зэриIэмрэ щызэхэухуэна гуэр къэзгъэлъэгъуэну Iэмал сиIэну пIэрэ жысIэрти, мы ролым и хьэтыркIэ къызэхъулIащ.

Адыгэ зэхущытыкIэхэмрэ уебэкъуэнкIэ Iэмал имыIэу абы хэлъ Iуэхугъуэхэмрэ нэхъ къызыхэщу сыщыджэгуахэм ящыщ зыщ Нало Заур и «IэфIынэ и нэ фIыцIитIыр» лирикэ драмэр. Ар си псэм езыгъэхуэбылIэхэм ящыщ къыщIэкIынщ зыми емыщхьу Заур иIа дуней зыхэщIэкIэ-дуней къэIуэтэкIэр. Дэбагъуэ Роман игъэува спектаклыр япэу щыдгъэлъэгъуам Заур утыкум къихьэри: «Си гур вгъэзэгъащ», КIэхумахуэ ФатIимэ зыхуигъазэри: «Си героиняр къэбгъэпсэуащ» - къыджиIат. Ар куэд дыдэ и уасэт ди дежкIэ.

Касонэ Алехандрэ и «ХьэжьэIужьэ» спектаклыр щигъэувым, Паблэ и ролыр къызитат Фырэ Руслан. Ар си гъащIэм ещхькъым, сэ хьэжьэIужьэу, дыгъужьыр цIыкIуу къэзугъуеяр сшхыжу дунейм сыщIытетын щхьэусыгъуэ си адэ-анэм я фIыгъэкIэ слъэгъуакъым. Къоплъым и фIэщ ухъун щхьэкIэ а къыбдэмыгъуэгурыкIуа Iуэхур зыхэпщIэн, къыбгурыIуэн, ар зэгъэзэхуэжауэ цIыхум и пащхьэ ипхьэн хуейщ. Ар ролымкIэ къызэхъулIамэ, си насыпщ.

Гальдони Карлэ и «Трактир гуащэ» гушыIэм щызгъэзэщIа Рипафратт и ролри ящыщщ къыхэзгъэбелджылыкIхэм. Дэнэ щIыпIи щагъэувауэ а спектаклым куэд тепсэлъыхьащи, дыдейм хуэдэу гугъэзагъэу, пьесэр зытхам хилъхьа псори хъума щыхъуауэ нэгъуэщI емыплъауэ жаIэ.

Телевиденэми, киноми, театрми хуэгъэзауэ щыщыткIэ, нэтын сыхэтами, зы адыгэ хъыбарыжь си макъкIэ къэзгъэIуами, ахэр зы фIыгъуэ гуэрщ, уи гупсысэм, дуней еплъыкIэм зрагъэужьу. Илъэс 25-рэ хъужащ «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ» фильмыр зэрытетхрэ. Абы щыгъуэ дунейм темытахэр къалъхури балигъ хъужащи, иджыри йоплъ, интернеткIэ къалъыхъуэ.

**- БгъэзэщIэну ухуейуэ нобэкIэ узыхунэмыса роль щыIэ?**

- Апхуэдэ хъуэпсапIэ сиIэкъым, уеблэмэ сегупсысыххэркъым. Еплъыт: унэ лъабжьэ уогъэтIылъ, блын дыбогъэкIуей, щхьэ тыбопIэ. Си IэщIагъэм и щхьэ тепIэну слъагъур, си дежкIэ нэхъыщхьэр роль гуэркъым, атIэ ар къэзгъэсэбэпу утыку къисхьэнумкIэ сэбэп сызэрыхъунырщ.

Ди театрым фIэкIа адыгэбзэкIэ щыпсалъэ дунейм теткъым. Аращи, апхуэдэу хэплъыхьышхуэ-хэдэшхуэ диIэкъым дэ. Ауэ ди лъэпкъ дунейм хуэгъэзауэ роль куэдкIэ зыдмыукъуэдийми, а къытлъысам и деж ди зэфIэкI псори къыщыдгъэлъэгъуэну дыхуитщи, мис аращ ди ехъулIэныгъэм и хэкIыпIэр. Ар ди театрым и закъуэкъым, сыт хуэдэ лъэпкъ цIыкIум ейри аращ зэрыщытыр.

**- Сыт хуэдэ хъуэпсапIэ ухуиIэ лъэпкъым, щIэблэм, театрым?**

- Ди лъэпкъ мащIэр дунеишхуэм и зэрыхьзэрийм димыхьу хэкIыпIэ захуэ къызэрихутэфын щIэныгъэ, IэщIагъэ, дуней еплъыкIэ, дуней тетыкIэ иIэну си хъуэпсапIэщ. Ди щхьэр тхъумэжын хуейщи, ар къыдэхъулIэу зылъагъу къэралым «мы лъэпкъым зигъэкIуэдыжыну хуейкъым, и щхьэ Iуэху зэрехуэж» жиIэу гулъытэ зыхуедгъэщIыфынри хэлъщ. Зыми ди Iуэху зрихуэнукъым, къакIуэуи дихъумэфынукъым жысIэу аращ. Лъэпкъым ехьэлIауэ сызытепсэлъыхьри, сыщIэлъаIуэри, сызытелажьэри лъэпкъым и дамэ адыгэбзэмрэ адыгэ хабзэмрэ тхъумэн зэрыхуейр аращ.

Iэмал имыIэу щIэныгъэ уиIэн хуейщ, лъэпкъым и зыужьыныгъэр абы епхащи. ЩIэныгъэр IэщIагъэ, IэщIагъэр лэжьыгъэ мэхъу, гуащIэдэкIым псэуныгъэм ухуешэ.

АдэкIэ щIэблэм теухуауэ жыбоIэри, лъэпкъым ди къэкIуэнур аращ. Дунейм мыхъуапсэрэ мыгугъэрэ теткъыми, ди щIалэгъуалэм дагъэгугъэфын икIи дагъэхъуэпсэфын щхьэкIэ псэемыблэжу ди щIэблэм яхэтлъхьэн хуейщ лъэпкъым къыддэгъуэгурыкIуэу ди нобэрей дунейм къэсауэ хъуар. Ахэр ди деж щыдгъэкIуэдыжыну хуитыныгъэ диIэкъым. НэхъыфI гуэр хэтлъхьэфрэ – ди насыпщ.

Театрым теухуа хъуэпсапIэм и гугъу щысщIкIэ, къыхэзгъэщынут а IуэхущIапIэр дунейм къызэрытехьэрэ пхъуэж мыхъун хабзэ, Iуэху еплъыкIэ, убзыхуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр зэрыщыIэр. Абыхэм ящыщщ «лъэпкъыр къэпцIыхуну ухуеймэ и театрым кIуэ» жыхуиIэм къызэщIиубыдэр. Ди адыгэ театрым нышIыхьэ дэтхэнэ зы гъуэгурыкIуэми ди лъэпкъыр зищIысыр къыддилъэгъуну, къытхилъэгъуэну сыхуейщ. Театрыр лъэпкъым и гъуджэщ, абы дыкъызэрищыр дунейм къыкIэрымыхуу, дахэу, екIуу щытыну сыхуейщ.

ГъащIэр нэхъ кIагъэпшагъэ, нэхъ зэхэзэрыхьа хъуху цIыхур гушыIэ, ауан нэхъ хуэныкъуэ мэхъу. Зыщытригъэун, и псэм телъ хьэлъэр щытрихын гуэрщ къилъыхъуэр. Театрым и къалэнщ цIыхум зригъэгъэпсэхуным нэмыщI, и акъылым зригъэужьыныр, и псэр къигъэушыныр, игъэхъуэпсэныр. Дунейм пэрыту дыщыщызыгъэтын, абы хуэфащэ Iуэхухэр къызыхэщ спектаклхэр театрым щIэлъыну сыхуейщ.

Театрым щIэлъыну сыхуейщ ди адыгэ зэхущытыкIэр. Абы и мызакъуэу, дэтхэнэ си зы лэжьэгъуми унагъуэкIэ, узыншагъэкIэ гукъеуэ ямыIэу, ехъулIэныгъэ щымыщIэу, я лэжьыгъэ и лъэныкъуэкIэ я хъуэпсапIэ нэхъ ин дыдэхэр къайхъулIэу, абы и цIэр ину къраIуэу псэуну сыхуейщ.

**- Артист IэщIагъэр зрагъэгъуэтыну сыт хуэдэ псалъэхэмкIэ тебгъэгушхуэнт щIалэгъуалэр?**

- Лъэпкъ хуэлажьэу артист IэщIагъэр къыхэзыхыну тегушхуэ дэтхэнэ зыми и лъэбакъуэ къэскIэ лъагъуныгъэкIэ гъэнщIауэ щытын хуейщ. Щапхъэ пхуэхъун куэдщ. IэщIагъэр къыхэпхамэ уеджэнущ, еджапIэ ущIэсыху IэщIагъэм ехьэлIа щэхуу хъуар уагъэщIэнущ. Ар къэбухрэ лэжьэн щIэбдзэмэ нэхъыжьхэм IэщIагъэм халъагъуэ фIыгъуэмрэ зэфIэкIымрэ къыббгъэдалъхьэнущ. Ди IэщIагъэм и щэхухэр зыми едмыгъащIэу тхъумарэт жызыIэ артист щыIэкъым, дыгуфIэжу нэхъыщIэхэм ди чэнджэщ ядохьэлIэ нэхъ псынщIэу IэщIагъэм хэгъуэзарэт, утыку ягъуэтарэт, гъуэтыгъуэ ихуарэт жыдоIэри.

УвыIэгъуэ имыIэу зытелэжьэжын, тхылъ еджэн, сымыщIэ къэсщIарэт жыпIэу хэлъэт уиIэн хуейщ. Хьэуэ, апхуэдиз дыдэу щхьэузыхь зысхуэщIынукъым, мылъку е псэукIэ теухуауэ нэгъуэщI гъащIэщ сызыхуейр жыпIэмэ, артист IэщIагъэр къыхыумыхмэ нэхъыфIщ. ФIыгъуэ хыумылъагъуэмэ, уи щхьэри къыумыгъэпцIэж, лъэпкъри къомыгъапцIэ.

ЦIыхухэр зэхуэзэн, зэдэуэршэрын хабзэ дахэр къэтщтэжыпхъэщ. IитIыр зэрымытхьэщIмэ, зэрыщIэркъым, жиIакъэ адыгэм?! Лэжьыгъэм дыщышынэ хъунукъым, ар Iэпкълъэпкъым къыхэпхмэ къанэр зыри зэримыщIысыр къыдгурыIуэн хуейщ.

**- Упсэу, Ахьмэд, зэман къызэрытхуэбгъуэтам папщIэ. Лъэпкъым хуэпщIэр, абы ехьэлIауэ уиIэ хъуэпсапIэ дахэхэр къызыгурыIуэн театреплъ куэд уиIэну си гуапэщ.**

*Епсэлъар* **ИСТЭПАН Залинэщ**.
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ*






# Ужьэ

**● Псэущхьэхэм я дуней**

И теплъэкIэ ужьэр псэущхьэ нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщ зыщ: лантIэ хъужауэ и Iэпкълъэпкъыр псыгъуэ кIыхь зэкIужщ, шэщIащ. Езыр гъуабжафэщ, и ныбэ лъабжьэр хужьщ. И кIыхьагъыр сантиметр 17 - 24-м, и хьэлъагъыр грамм 300-м нос.

Абыхэм псы Iуфэ мэзхэми, губгъуэхэми, къущхьэхъу щIыпIэхэми, къуршыщхьэ лъагэхэми уащыхуозэ. ЦIыху псэупIэхэми щымащIэкъым а псэущхьэхэр. Ар джэдкъазым тоуэ, джэдыкIэхэр ешх. Апхуэдэуи ужьэр дзыгъуэхэм яхуэлъэщ, шындырхъуори, хьэндыркъуакъуэри, хьэпIацIэхэри и мыхьэмышхкъым.



**● ЖыIэгъуэхэр**

## ГъащIэр ягъакIуэркъым - яIэщIокI

- **♦Я нэхъ бзагуэми, ущыхуэмейм, и бзэр къеутIыпщыж.**
- **♦ГъащIэр ягъакIуэркъым - яIэщIокI.**
- **♦Iуэху зэмылIэлIам зыхущIэмыхьа фIащыж.**
- **♦ЩIэныгъэ нэхъыщхьэр акъылщ!**
- **♦ЩIэуэ зэбгъэщIэнуIамэ, умыщIэ зыгуэр щыIэу зыбумысыжын хуейщ.**
- **♦ЕмыкIуу зэбгъэдэс нэхърэ - ещхьу зэбгъэдэкIыжыф.**
- **♦ЦIыхугъэр гъащIэм и нэхъ лъагапIэ задэщ, абы и щыгу гугъум къытехутэфыр и зэманым и гъуазэу мэув.**
- **♦Дыгъэм зыдигъазэурэ сэхураным щхьэ ещI.**
- **♦Напэ зимыIэ щыIэкъым, зэдэIуэжыф закъуэмэ.**
- **♦Акъылыр хадэхэкIым ещхьщ: тIури ежьужьым щыхъумэн хуейщ.**

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

# Къэб цIынэ, фо икIауэ

Къэбыр ятхьэщI, гъущэу ялъэщIыж, и кIым деж и щхьэр хъурейуэ щыщхьэщагъэж, и кIуэцIым илъхэр кърах, абы изу фо иракIэри, къыщхьэщагъэжар тралъхьэж, щIыIапIэ ягъэуври, къэб кIуэцIым фор хыхьэху щагъэт.

Къэбыр хьэзыр щыхъуам деж и кIуэцIым ит фор гъуэжьыбзэу, къэб шыпс Iувым ещхьу, щытщ. Апхуэдэу хъуа фори къэбри зэрызэхэлъу абдж хьэкъущыкъум иракIэри и щхьэр тепIауэ щIыIэпIэ ягъэув.

Ар жьы зыхуримыкъухэм, зи тхьэмщIыгъу узхэм я дежкIэ хущхъуэфIщ: зы бжэмыщх гунэщIу махуэм щэ ираф.




**● Хабзэ**

### Жэщщыс

Жылагъуэ зэхэтыкIэм ехьэлIа адыгэ хабзэщ. Гъавэр кърахьэлIэжу, гъэмахуэ хъупIэхэм Iэщыр кърагъэхыжу цIыхухэр нэхъ хущIыхьэ щыхъу бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм щIалэгъуалэр пщыхьэщхьэкIэрэ зы унагъуэ гуэрым щызэхуэсырти щызэхэст: щефэ-щешхэрт, щыджэгурт. Апхуэдэ зэхуэсым «жэщщыскIэ» еджэрт.

НыбжьыщIэхэм щыхьэщIэнур унагъуэр япэщIыкIэ хагъэбелджылыкIырт, ягурыIуэрти, пIалъэу ягъэува пщыхьэщхьэм абы щызэхуэсырт. Ирафынумрэ яшхынумрэ езыхэм кърахьэлIэрт, хъыджэбзхэр ягъэпщафIэрти, зэхэст гушыIэхэу, я нэгу зрагъэужьу. Апхуэдэ зэхэсхэм зи къэшэгъуэ щIалэхэмрэ зи ишэгъуэ хъыджэбзхэмрэ щызэрыцIыхурт, зэпылъ-зэдэгушыIэхэр щызэпсалъэрт. Унагъуэ гуэрым щIалэ е хъыджэбз хьэщIэ къыхуэкIуамэ, ар ирагъэцIыхун щхьэкIэ жэщщыс ящIуи щытащ.

### Дзажэгъажьэ

Адыгэ хьэгъуэлIыгъуэм епха хабзэщ. Фызышэ къикIыжа гупыр, ефэ-ешхэ хуащIу жэщыбг е нэхущ хъуху ягъэхьэщIэрт. ЗэбгрыкIыжыгъуэм мэл дзажэр зэрыпсэууэ дзасэкIэ ягъажьэрти, Iэнэм къытралъхьэрт. Ар яшхырт, итIанэ псори зэбгрыкIыжырт. Хабзэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, дзажэ гъэжьам фызышэ къикIыжа гупыр зэбгрыкIыжын хуейуэ къикIыу аращ. Хабзэр XX лIэщIыгъуэм и 40 - 70 гъэхэм кIуэдыжауэ щытащ, ауэ иджы фызышэ хабзэр къызэрыщIэрэщIэжым и гъусэу зэзэмызэ ущрихьэлIэ къохъу.

### Гущэтелъхьэ

Унагъуэм щызекIуэ адыгэ хабзэщ. Сабийр тэмэму дунейм къызэрытехьам щхьэкIэ, абы и анэшхуэм фызгъалъхуэм тыгъэ хуищIырт: бостеяпхъэ, напэIэлъэщI, дыху-сабын, н.къ. Апхуэдэ тыгъэм «ГущэтелъхьэкIэ» йоджэ.

### Лъыхъу

Нысашэм епха хабзэу адыгэхэм къадэгъуэгурыкIуэу щытащ. Зи къэшэгъуэ щIалэ зиIэ унагъуэр хъыджэбзхэм яхэплъэрт. Ягу ирихьын яхэтмэ, абы и адэ-анэм лъыхъу хуагъакIуэрт: «Фи пхъур нысэу къыдэфт», - жаIэрти ирагъэлъэIурт. Апхуэдэу зэгурыIуэу къашам щхьэкIэ «лъыхъукIэ къашащ» жаIэрт.

**● Гурылъ темыпыIэхэр**

## Лъагъуныгъэри гъатхэ мыухыжщ

Уэ уи гур иджыри мэжей, уи фIэщ хъуркъым бжесIахэр зэрыпэжыр. Лъагъуныгъэм и тхьэгъуш макъыр зэхегъэх мы уи гум, зыхегъащIэ уи псэм... Уэ зэхыумых хуэдэщ а макъыр, ар къызэролъэIур, узэригъафIэр, си деж узэрыриджэр. ИтIани, уи гур мэжей, къыфIэмыIуэхуу хьэщыкъ сызэрищIар, куэд щIауэ си псэр гъэр зэрищIар. Мэжей илъагъуу пщIыхь.

Сэ а пщIыхь куум укъыхэсшыну сынокIуэ, гущIэм къыщIэсха псалъэхэр налкъут щыгъэ пхуэсщIыну пхуэзблэурэ; си гъащIэм укърихэсшэну гум и дыгъэпс нурхэмкIэ гу хъуэпскI лъэмыж зэщIэпщIыпщIэ пхузэIусщэурэ. Си гумрэ си псэмрэ елIэлIапэурэ, лъагъуныгъэр шынагъуэншэу зытетын гъуэгу яухуащи, уэ къэуши къежьэ иджы. КъакIуэ. Сэ сыпноплъэ. Ди къэкIуэнум и насыпри къыппоплъэ.

**ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн.**

**● Ауан**

## Жануэс зэрыкIуэсар

Нанурэ Жануэсрэ жари ди къуажэм зы щIалэрэ зы хъыджэбзрэ фIыуэ зэрылъагъуу дэст. А тIур зэрызэпылъэр Iэджэ щIат. Ауэ зэрышэу зы унагъуэу тIысыжыну Iэмал ягъуэтыртэкъым. Жануэс и адэ-анэм зратынур нэгъуэщI щIалэт.

- Жануэс, си псэм хуэдэ! Къуажэ псом дэр фIэкIа Iуэху яIэжкъым, кхъыIэ, мыпхуэдиз бэлыхьым дыхыумыгъэту, къыздэкIуаси ежьэж! - жиIэри зэгуэр Нану хъыджэбзым елъэIуащ.

- Содэ, тхьэ, - арэзы хъуащ хъыджэбзыр.

ЕтIуанэ пщыхьэщхьэм щIалэм Жануэс шыгум иригъэтIысхьэщ, шыжьэрыутIыпщу къуажэ уэрамым къыдэлъадэри, ищхъэрэкIэ иригъэзыхащ. Хъыджэбзым кIийуэ щIидзащ.

- Уэуэур си махуэщ! ... Уэ сахь мыгъуэ!.. ЗалымыгъэкIэ сахь!

Къуажэм дэс милицэр, къыздихуари къыздикIари ямыщIэу, шууэ шыгум къыпэуващ:

- КъэувыIэ!

- КхъыIэ, щIалэфI, ди Iуэху къызумыхуэ!.. Сэ сфIэфIыпсу мыбы сыдокIуасэ! - Жануэс милицэм елъэIуащ.

- НтIэ емынэм щхьэкIэ зыпчэтхъэжу укIийрэ? - щIэупщIащ милицэр.

- ЗалымыгъэкIэ сахьауэ къуажэм яхэзгъэIуэнущи аращ, - къыпыгуфIыкIащ хъыджэбзыр.

**ДУДАР Хьэутий.**

# Псалъэзэблэдз

*ЕкIуэкIыу:* **1**. Бгъэр куэдрэ уэмэ, и дамэр ... **3**. Шэхур ... яхуз, фызыр щIалэу ягъасэ. **6**. Къуажэ дэз Iыхьлы нэхърэ - жылэ и ... благъэ. **8**. ХьэщIэр ..., бжэм йоплъ. **9**. Шэм ... ищIыркъым. **11**. Хущхъуэ зэхэдзэр ... и щхъухьщ. **13**. Шы ... нэху тещхьэркъым. **15**. ... и хабзэр нысэм и бзыпхъэщ. **17**. Зи щхьэ мыузым уи ... хуумыIуатэ. **18**. Щхьэ къуийм и лажьэ щхьэ ... ищIэркъым.

*Къехыу:* **1**. ... мазэххэрэ уи щэху щумыIуатэ. **2**. ... напщIэщ, пхъур набдзэщ. **4**. ... матэ зи куэдым и жьантIэ дегъэувэ. **5**. Гъунэгъур ..., къигъунэгъужыр гъунэгъущ. **7**. Жьы ... щIыIэр щIыIэкъым, псчэ ... узыр узкъым. **8**. Iуэху зи куэд ... ещI. **10**. Пщэдеи махуэщ, къэунэхури .... **12**. ... ухуэмыубэ, быным ухуэмыдзыхэ. **14**. Акъылым уасэ иIэкъым, гъэсэныгъэм ... иIэкъым. **16**. Лъакъуэ зышхыр ... шхыгъуи йохуэ.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ.**



***ЩэкIуэгъуэм и 1-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Брест. **4**. Анэл. **6**. Хьэвэ. **8**. Гъуо. **9**. Къум. **13**. КIэрывэж. **15**. Тхъу. **16**. Хъуп. **20**. Блэр. **21**. Испы. **22**. Чэщей.

***Къехыу:*** **1**. Блэгъу. **2**. Еру. **3**. Тхьэм. **5**. Нэд. **7**. Вэгъу. **10**. ГъукIэ. **11**. Сыдж. **12**. Ажэ. **14**. Мэл. **15**. Тэрч. **17**. ПщIий. **18**. Жэп. **19**. КIыщ.

